



Lakuning Karesman

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja PhD, SpFK.

Lakuning Katresnan

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, PhD, SpFK



Lakuning Kartresnan

Penulis :

Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja, PhD, SpFK

Ilustrator :

R. Bambang Sardjono

Layouter :

Dewi Freida

Design Cover :

Azizur Rahman

copyright©2021

Penerbit



Scopindo Media Pustaka

Jl. Ketintang Baru XV No.25

Telp. (031)8251-9566

scopindomedia@gmail.com

ISBN : 978-623-6922-27-9

Hak cipta dilindungi oleh Undang-undang Dilarang memperbanyak sebagian atau seluruh isi buku tanpa izin tertulis dari Penerbit

Sanksi Pelanggaran Pasal 113

Undang-undang Nomor 28 Tahun 2014 Tentang Hak Cipta

- 1) Setiap orang yang dengan atau tanpa hak melakukan pelanggaran terhadap hak ekonomi yang sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf i untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan ancaman pidana penjara paling lama 1 (satu) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 100.000.000 (seratus juta rupiah)
- 2) Setiap orang yang dengan tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam pasal 9 ayat (1) huruf c, huruf d, huruf f, dan/atau huruf h untuk Penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama 3 (tiga) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 500.000.000 (lima ratus juta rupiah).
- 3) Setiap orang dengan tanpa hak dan/atau tanpa izin Pencipta atau Pemegang Hak Cipta melakukan pelanggaran hak ekonomi Pencipta sebagaimana dimaksud dalam Pasal 9 ayat (1) huruf a, huruf b, huruf e, dan/atau huruf g untuk penggunaan Secara Komersial dipidana dengan pidana penjara paling lama (empat) tahun dan/atau pidana denda paling banyak Rp. 1.000.000.000 (satu miliar rupiah).
- 4) Setiap orang memenuhi unsur sebagaimana dimaksud ayat (3) yang dilakukan dalam bentuk pembajakan, dipidana dengan pidana penjara paling lama 10 (sepuluh) tahun dan/ atau pidana denda paling banyak Rp. 4.000.000.000 (empat miliar rupiah)





Atur Dambuka

C^orita sinambung Lakuning Katresnan rinonce dening panganggit supaya bisa diwaos lan dinikmati dening para sutresna sastra Jawa. Minangka kaca benggala kagem sing nembe nglakoni mbangun tresna. Dadi pratandha endahing katresnan, linambaran rasa kasetyan tumuju urip bebarengan ing tembe mburi. Mbokmenawa ana asma, panggonan, utawa prastawa sing padha, iku mung kedadeyan kang ora disengaja, dudu kanyatan sak benere. Ewa semana, panganggit nyuwun gunging pangaksami mbokmenawa ana sing asmane padha kasebut nang crita iki.

Rasa panuwun kang tanpa upama tak aturke marang para sedulur kinurmatan sing wis maringi dhukungan lan semangat kanggo ngrampungke crita iki, utamane para kanca ing jagad maya Facebook. Semono uga marang penerbit Scopindo Media ing Surabaya. Dokter Bambang Sardjono ing Jakarta, wis maringi gambar gambar ilustrasi. Uga salam tresna kanggo sisihanku, Murlina Santoso, wiwit kenal nang bis rikala tahun 1972, nganti saiki isih urip bebrayan

bebarengan. Marang anak-anakku, Ario karo Nining, Wisnu karo Indri, lan putu-putu Rio, Laras, Karin, Kinar karo Vano, terima kasih wis melu menehi semangat lan dhukungan. Pengeling eling lan pratandha tresna tanpa kendhat kanggo anakku almarhum, Saworo Tino Triatmo, sing wis kapundhut dening Ingkang Murbeng Dumadi ing tahun 1987.

Salam rahayu,

Ki BS Setradjaja
Ngayogyakarta, Januari
2021





Daftar Isi

Atur Pembuka.....	iii
Daftar Isi	v
Bab 1. Liburan	1
Bab 2. Lelakoning Urip	7
Bab 3. Nyekar	17
Bab 4. Omah Kenangan	27
Bab 5. Wiwiting Katresnan	37
Bab 6. Impen Endah Gandane Wangi	47
Bab 7. Pesen Nyalawadi	55
Bab 8. Suwalaning Katresnan	63
Bab 9. Isih Ana Tembe Mburi.....	77
Bab 10. Anteping Rembug	87
Bab 11. Lakuning Katresnan	101

Bab 12. Lakuning Urip Manekawarna.....	109
Bab 13. Tumuju Urip Bebrayan	119
Bab 14. Setya Tuhu Sak Lawase	135



- BAB 1 -

Liburan





Rama Pringga rumangsa mongkog banget atine dene wayahe sing ditresnani gelem liburan nang dalem pesanggrahan. Pesanggrahan sing dumunung ing pegunungan sing sepi adoh seka padesan. Ana ing tlatah Semanu, Gunungkidul . Wengi sore Hermanu mentas teka seka Jakarta, dipapag nang bandara dening pak Ali, sopir pribadi. Hermanu nyambut gawe nang Jakarta, ing salah sawijining bank kang kondhang. Deweke lulus sarjana ekonomi sakwetara taun kepungkur. Durung omah omah, durung duwe pacangan. Mesti ngendha nek ditakoni prekara iku. Umur umurane udakara pitu likur tahun.

Rama Pringga, utawa lengkape Kanjeng Raden Tumenggung Pringgalaya, manten punggawa negeri sipil ing kantor Kota Praja Ngayogyakarta. Nalika semana, kondhang kawentar trah narendra, manggalaning praja. Basa saiki ya pejabat tinggi. Amarga alesan pribadi, panjenengane ngajokke pensiun dhini banjur nyepi manggon nang tlatah Gunungkidul limang taun kepungkur. Saben dinane dikancani abdi loro, yaiku mbak Tini lan pak Ali sing ngrangkep dadi sopir. Wong loro iku wis nderek mataun taun. Kagungan dalem gedhe nang Bacira, Yogya nanging arang arang dienggoni.

Bubar pensiun, Rama Pringga luwih akeh lenggah nang pesanggrahan ing Semanu. Hermanu biasane nginep nang Bacira menawa lagi liburan nang Yogya. Eyange sing mesthi ngalah medhun ngancani, sisan ben isa ketemu putu sing ditresnani. Bubar pensiun Rama Pringga sakbanjure aktif nang babagan spiritual Jawa. Muride akeh seka tlatah Ngayogyakarta. Ketemu karo para murid pendhak selapan dina ana ing pesanggrahan pas malem Anggoro Kasih.

Nglakoni adat warisan leluhur. Asung pakurmatan karo Bhumi Pertiwi. Nyebarke ajaran nresnani sak padha padha, lan alam semesta.

‘ Pirang ndina lehmur libur Her? Suwe ? Nek bosan nang kene tak kancani nang Yogya wae. Sepi nang kene ora ana apa apa’. Esuk mau Hermanu tangi kawanan. Ngobrol sedhela karo eyange. Hermanu pancen menengan, ora akeh omonge. Dedeg pideksa duwur, gagah kaya swargi bapake, pak Rio Handoko, ya putra tunggale Rama Pringga.

‘ Dalem liburan mung seminggu kok Yang, nang kene wae ora susah menyang Yogya’. Ana kanca mentas kenal nang Gunungkidul, janji arep ketemu.

Sak tilare bapak ibune Hermanu, ndungkap telu likur taun kepungkur, Rama Pringga sekalian sing kajibah ngopeni wayahe. Iya wayah tunggal wiwit umur patang taun. Mula dheweke krasa cedhak banget karo Hermanu, prasasat wiwit bayi nganti gedhe, ora tau ana pedhote.

Rama Pringga saiki wis yuswa pitung puluh lima tahun. Garwane wis seda suwe rong puluh tahun kepungkur. Asmane Larasati, Raden Ayu Larasati, putri pangeran seka Solo. Ora kersa omah omah maneh sak unkgure garwane. Katresnane mung kanggo garwane sawiji. Senajan akeh sing mbujuk supaya krama maneh, nggo kanca urip, wong prasasat bandha ora kurang. Nanging atine mantep seneng urip dhewe ngemong wayahe wae.

Kaya adat saben sore, Rama Pringga lenggah nang pendhapa ngarep dikancani unjukan teh panas karo gedhang

goreng. Prasasat wis dadi pakulinan, wayah sore mirsani pemandangan lembah lan pegunungan kang endah sinawang seka pendhapa iku. Sinambi ngobrol karo keng wayah, Hermanu. Srengenge wis gumlewang ing kuloning gunung. Sorote warna emas cemlorot seka pucuking gunung.

“ Eyang dalem mengko nyuwun pamit arep metu nemoni kanca njih”.

“ Iya aja wengi wengi ya. Maem dhisik wae nek arep lunga’.

“ Diundang makan malam kanca nang Wonosari kok Yang’.

“ Aja wengi wengi ya le. Ben diterke Ali nggo mobil ya”.

“ Dalem tak nyetir dhewe wae Eyang”.

“ Sing ati ati ya’.

Wayah surup nyedaki maghrib, Rama Pringga mlebu dalem gedhe, pindah ruang tengah nyetel televisi. Hermanu mlebu kamar, siap siap arep lunga metu. Pak Ali wis dipesen nyiapke mobil. Wayah sore kang endah, gawe tentreming ati sapa wae sing nyipati. Srengenge wayah sore, sorote warna emas cemlorot liwat pucuking gunung, maesi pemandhangan ing lembah lan pegunungan dadi peni. Kaya kembang wayah sore ing perenging gunung.

Persis bubar magrib, Hermanu budhal nang Wonosari, nemoni kancane sing kenalan nang pesawat

wingine. Jenenge Ratri Arini, manggon nang Jakarta, nyambut gawe nang sakwijinine biro konsultan. Rama ibune uga pensiunan, daleme Wonosari. Ratri maune kuliah nang Yogya, sakwetara taun sak bare Hermanu. Kuliah nang fakultas teknik. Hermanu karo Ratri ndilalah lungguh jejer nang pesawat wingi, mula banjur padha kenalan. Sajake cocok le crita, banjur terus janji ketemu maneh sore iku.

Alon alon Hermanu anggone nyetir mobil, kanthi rengeng rengeng. Mobil sing biasane diagem Rama Pringga mubeng mubeng padasan didherekke pak Ali. Jane Hermanu luwih seneng numpak skutere wae, duweke dheweke jaman nalika isih kuliah nang Yogya. Ning biasane Eyange kuwatar angger Hermanu numpak skuter kuwi. Mula ngalahi wae numpak mobil sore iku. Atine dheg dheg an arep ketemu kanca anyar sing merak ati, Ratri Arini. Muga muga lancar wae, ora ana alangan sak wiji apa. Mung sesambungan kekancan. Durung ana janji apa apa. Sore kang asri, gawe senenge ati. Semringah kaya kembang wayah sore.



- BAB 2 -

Lelakoning Urip







Antarane Semanu nganti Wonosari ora sepira adohe. Udakara mung sepuluh kilometer. Dalane aspal gilar gilar amba lan sepi ing wayah bengi. Hermanu nyopir kanthi sareh, sinambi rengeng rengeng. Sedhela wis mlebu kutha Wonosari. Kutha sing asri lan ketata rapi. Ora angel nemokke alamat sing diwenehi Ratri. Menggok sithik seka dalan utama, katon ana omah gedhe magrong magrong latare amba. Padhang kesorot lampu taman. Dheweke menggok nang pekarangan lan markir mobile nang panggonan parkir. Lawang ngarep wis bukakan. Ana priyayi kakung methukake tekane kanthi gita gita.

“ Panjenengan dhik Hermanu njih ? Adhiku Ratri lagi

siap siap nang mburi. Mangga lenggah dhisik. Tepungke aku Rahadian, kangmase Ratri.” Rada kaget Hermanu, dadakan disapa kanthi grapyak semanak.

“Matur nuwun mas, aku Hermanu seka Semanu”.
“Semanu ora adoh seka kene, kapanewon Semanu ya?”

“Ana desa Semanu mas, ora nganti setengah jam iki mau. Sepi dalane ”.

“ Iya dhik, Wonosari ramene nek akhir pekan, Sabtu apa Minggu, minta ampun, mlaku nggremet.”

“Panjenengan jare wis kekancan suwe karo Ratri, kantore dadi sak kompleks jarene. Padha padha seka Yogya ya ?”

Hermanu rada kaget, mbokmenawa Ratri crita menawa wis kenalan suwe, kanca lawas seka Yogya. Dheweke mung ngiyani wae. Ruang tamu kang rapi ditata apik. Ana kembang sedhep malem temata asri ing meja ruang tamu. Dheweke seneng kembang iku wiwit cilik. Lembut lan wangi ambune. Ana poto poto keluarga dipajang nang tembok. Tembok putih resik. Ruang tamu sing asri. Gawe tentrem nang ati.

Ora suwe Ratri wis metu, gawe kagete Hermanu. Nganggo rok warna kuning lembut, katon feminin banget, beda pas nang pesawat kae nganggo clana jin karo kaos T shirt. Dedeg dhuwur lencir, kulite kuning langsep, rambute disanggul rapi. Ora nyana, ora ngira, senjata mungsaktleraman, isa dipesthekke, nek pancen ayu tenan, uleng ulengan. Endah kang sampurna, endahing wanita Jawa. Hermanu sak nalika kamitenggengen, ilang konsentrasine, atine dheg dhegan ora karuwan.



“Kok njenengan mung kendel wae mas? Kaya durung kenal wae. Nuwun sewu, aku ngapusi masku nek njenengan kancaku lawas, wiwit seka Yogja ndhisik”. Hermanu durung ilang kagete, ora isa semaur kanthi lancar. Tibake Ratri ya grapyak semanak ora kaya pas kenalan nang pesawat, sikape formal setengah jaim, mungkin merga lagi tepungan.

“ Daleme apik, latare gilar gilar ya Jeng. Tamane asri banget”

“ Bapak ibuku hobine ngopeni taman lan tetanduran. Ngisi wektu bar pensiun. Acaramu nang ndalem apa mas Her, sempat dolan dolan ?”

“ Aku sedina mau mung lungguhan nang ngomah. Tangi kawanen terus diajak crita karo eyangku. Mung turu wae nang kamar. Arep ndherekke nyekar Eyang, ning kok isih kesel. Mbokmenawa sesuk yake”.

“ Aku esuk mau ndherekke ibu nang Yogja. Tilik sedulur sing bubar babaran, karo golek bathik. Ibuku seneng koleksi bathik wiwit biyen.

Wong loro banjur crita gayeng. Ratri pancen pinter crita. Apa wae isa digawe crita, endi gaweyan kantor, endi crita jaman kuliah nang Yogya ndhisik, endi hobine olah raga, renang lan tennis.

Hermanu gawane meneng, ora isa crita akeh. Mung ngetutke wae apa sing dadi bahan obrolan. Olehe nyawang Ratri ora kendhat, ayu sampurna wanita iki. Nek crita dibarengi karo esem manis. Endah di deleng, renyah dirungokke. Gawe ati sir siran, rasa ngleyang nang awang awang kebak pangentha entha.

Ora suwe rama ibune diaturi metu karo Ratri, dheweke nepungke marang Hermanu. Ramane Ratri asmane pak Hario Puspayuda. Asline piyayi Sala. Garwane asmane Katarina, iya bu Rina. Pak Hario maune ngasta nang salah sijine bank pamarentah, pungkasan nang Semarang. Bareng pensiun terus pindhah nang Wonosari. Nggolek panggonan pensiun sing sepi. Jare eyang eyange ndhisik ya seka Wonosari.

“Anakmas Hermanu wis suwe nang Jakarta? Sak kantor karo Ratri apa?”

“Sampun antawis gangsal taun Rama. Benten kantor kaliyan Jeng Ratri, nanging caket setunggal kompleks”

“Ndhisik kuliahe nang Yogja ya nak? Fakultas apa?”

“Injih wonten Bulaksumur, fakultas ekonomi. Bibar lulus lajeng glihdig dhateng Jakarta”.

“Keng ramamu lenggah nang Yogja? Ngasto nang endi?”.

Hermanu saknalika pucet raine nampa pitakonan prekara wong tuwane. Dheweke ora isa wangsulan, malah ndhredeg ora karuwan. Dheweke ora tau siap nampa pitakonan mengkono. Kaya ana sanggan sing abot sakjeroning rasa lan pikirane. Ratri melu kaget nyipati sikape Hermanu sing aneh. Banjur nawakke teh sing wis diladekke.

“Mangga diunjuk dhisik mas, mumpung isih anget”

“Matur nuwun Jeng”. Hermanu unjal ambegan dawa setengah karo nywara lirih kaya sesambat abot. Dheweke nyoba nata ambegan sedhela, banjur nyruput wedang.

“Apa nakmas Hermanu gerah ta?” Ganti bu Hario sing takon, meruhi kahanane tamune iku.

“Mboten ibu, namung radi kaget kemawon. Menawi wonten pitakonan prekawis rama kaliyan ibu kula”.

“Iya pangapuramu ya nak, nek lehku takon kleru. Ora

duwe maksud apa apa kok aku. Mung saklumrah ngaruhke prekara keluarga”.

Bareng wis rada lerem atine, Hermanu wiwit nerangke jarwane.

“ Nuwun sewu rama kaliyan ibu, sakjatosipun bapak ibu kula sampun seda dangu. Nalika kula taksih alit. Kula lajeng ndherek eyang”.

“ Ora perlu dicritakke nek abot kanggomu nak”.

“ Bapak kula rumiyin ngasto dosen wonten ing Bulaksumur, ing salah satunggaling fakultas, mbokmenawi Fakultas Kedokteran. Kula mboten kemutan taksih alit. Lajeng dipun emong kaliyan Eyang. Eyang Pringga, sakmenika sampun pensiun, lenggah wonten Semanu mriki’.

“ Aku ndherek prihatin mas. Kabeh wis ana dalane dhewe. Urip mung sak derma nglakoni. Sliramu wis lancar isa rampung sekolah lan mbangun dalane karier. Salam kurmat ku kagem Eyang. Kapan kapan mengko nek wektune apik, tak ketemu”.

“ Saiki dhahar dhisik wae, mengko le crita disambung”,
Bu Rina Hario manggakke enggal kembang dhahar bengi.

Kahanane wis pulih nang meja dhahar. Hermanu wis ora bingung. Pindhah nang meja makan nang ruang njero, Pak Hario, bu Hario, Ratri, Hermanu karo kamase Ratri, Rahadian. Rahadian wis omah omah, peputra siji lanang. Omahe cedhak kono, mlaku sedhela. Sisihane, Sita bengi iku ora melu nemoni. Putrane sing umur 3 tahun lagi rada sumeng. Nang meja makan, swasanane wis dadi regeng sinambi crita prekara warna warna. Pak Hario nyritakke ngapa kok isa manggon nang kutha Wonosari. Hobine tetanduran gawe taman wiwit isih ana Semarang. Kala kala Ratri karo Rahadian

melu nrambul crita. Hermanu dhasare ora akeh omongane, ngrungokke kanthi setia. Keluwarga sing hangat lan bahagia.

Bubar makan malam, Hermanu karo Ratri lungguhan nang ngarepan. Dene pak Hario karo bu Hario, nyetel tv nang ruang tengah.

“Nyuwun ngapura ya mas Her, pitakonane Rama mau. Ora ana maksud apa apa. Ya mung ora ngerti wae”.

“Ora apa apa dhik, durung ana wektu lan kesempatan kanggo crita nang sliramu. Tujune garwane karo putrane mas Rahadian ora melu. Nek ana isa saya nggrantes aku. Aku ditinggal rama ibuku, kira kira ya lagi umur patang tahun. Kelingan mung capet capet. Kaya nang impen wae”.

“Iya mbah Sita mau nyuwun pamit, putrane si Seta lagi sumeng. Kuwatir nek kena dhemam berdharah. Lagi usum nang kene. Sore mau jare wis nang dokter”. Ratri biasane seneng crita, ning ngadhapi Hermanu, dheweke ngrungokke critane kanthi sabar. Ora isa apa apa, isane ya mung melu mbayangke lelakon urip mau.

“Jaman semana, aku ora ngerti blas, jarene eyang, bapak ibu tindak, ning kok ora tau kondur. Tak enteni saben dina. Aku sadhar nalika wis kelas siji sekolah dhasar. Di ngendikani karo eyang putri. Ora suwe karo eyang putri, pas aku kelas telu, eyang putri seda. Sak kelinganku eyang putri ya sayang banget karo aku, ning kerep gerah”.

Ratri nyemak critane Hermanu. Mung sok sok melu unjal ambegan. Ora isa mbayangke abote ditinggal wong tuwa wiwit cilik. Dheweke rumangsa begja banget ditunggu bapak ibune nganti gedhe. Pisah wong tuwa mung nalika kudu kuliah nang Yogja, bapak ibuke nang Semarang, isa wira

wiri pendhak rong minggu.

“Jaman semana, mas Hermanu nang ndalem terus sapa sing ngancani ?”

“ Cilikanku pas nang Yogya mung cedhak karo Eyang, karo mbak Sumi. Mbak Sumi sing mbantu wiwit eyang putri isih sugeng. Jare seka Wonosari. Ngancani nganti aku Sekolah Menengah Atas. Pas SMA, mbak Sumi leren, jare bali nang ndesane, ning ora tau ana kabar. Mula aku cedhak banget karo eyangku. Ana apa apa mung eyang sing tak sambati”.

Meneng sakwetara. Tanpa sadhar Ratri nggegem tangane Hermanu. Ana rasa simpati seka njero ati sing ora isa diwudharke. Rasa aneh, sir siran nang njeroning ati. Wektune wis ndungkap wengi, wis setengah sanga. Angin wengi sumilir lembut. Hermanu krasa nek wis wayahe kudu pamit, senajan isih pengin crita. Ratri kanca ngobrol sing nyenengke. Ora ana bosen ne. Dheweke isih pengin krungu critane Ratri, ning ditahan. Dheweke pamitan karo rama ibune Ratri. Ratri ngeterke nganti tekan mobil.

“Aja kapok ya mas. Kapan kapan diteruske maneh le crita.”

“ Matur nuwun banget. Makan malam sing endah, masakane enak tenan, Njenengan apa ibu sing masak ? Muga muga awake dhewe isa sesambungan terus ya. Lancar tanpa alangan. Sak durunge balik Jakarta, nek isa dolan dolan dhisik. Kangen Yogja, aku . Sesuk mungkin durung isa, arep nyekar karo eyang”.

“ Ati ati ya mas. Sugeng ndalu”



- BAB 3 -

Nyekar





Hermanu mulih seka panggonane Ratri kanthi ati bombong. Rumangsa seneng ketemu Ratri sing grapyak, semanak, nggatekke banget karo critane dheweke. Jane rumangsa durung siap crita babar blas. Ya mung merga kedadeyan dadakan ditakoni karo ramane Ratri mau, prekara bapak ibune almarhum, njalari dheweke bingung lan crita apa anane. Ora papa, dudu barang sing ngisin isini sing kudu ditutupi. Suwening suwe toh dheweke mesthi kudu blakasuta. Atine goreng mung mikir kanca anyar sing jenenge Ratri. Biasane ora tau kepikiran ngene nek sawung kanca anyar. Pikirane nglambrang tekan ngendi endi. Atine krasa sir siran saben kelingan Ratri. Tekan ngomah ndungkap jam sanga bengi. Eyang Pringga isih mirsani TV nang ruang tengah. Dheweke ngaturi salam karo ngaras astane.

“ Kok durung sare Eyang? Mirsani acara apa ?”

“Durung, aku nggenteni kono. Sapa kancamu sing kok dhayohi kuwi?”

“ Jenenge Ratri, Eyang, kenalan nang pesawat. Dheweke kerja nang Jakarta, ning rama ibune dalem nang Wonosari. Pensiunan “

“ Sokur entuk kanca sing cocok. Isa nggo mbat mbatan lan gawe tentreming atimu. Ati ati ya sawung. O iya piye nek sesuk nang Yogya, nyekar, apa kono ana acara ?

“ Njih ndherek Eyang, dalem sela kok. Apike budhal rada esuk wae, mengko mampir nang Bacira. Nang makam rada sore nek wis eyup.

“ Manut aku, aja lali ngajak Ali ya. Ora susah nginep nang Yogja. Kejaba nek kono pengin nginep, nek ana acara

liya”.

Kaya adat saben, wis dadi pakulinan, eyang Pringga mesthi ngajak nyekar menawa Hermanu balik nang Semanu. Niliki pesareyane Eyang Putri Larasati, karo bapak ibune Hermanu. Kanggone Rama Pringga, nyekar niliki pesareyan kerabat sing wis seda, kaya dene kuwajiban sing kudu diayahi. Pendhak selapan dina nyekar pasareyane garwane, lan putrane. Umume nang adat Jawa, nyekar dianakke nalika nyadran, setahun sepisan. Kanggo ngelingi lan ngormati sedulur sing wis kapundhut. Bapake Hermanu, almarhum Rio Handoko lan sisihane Siska, seda bebarengan merga kacilakan mobil tahun 1997. Eyang Larasati seda awal tahun 2001 merga gerah. Gerah gerah terus, arang arang sehat sakwise di tinggal putrane tunggal mau. Mbokmenawa ya nggrantes kelangan putra lan mantu sing banget ditresnani.

Hermanu tangi rada gasik esuk kuwi, isih kober mlaku mlaku nang dalan dalan desa sak ubenging pesanggrahan. Dalan dalan nang pegunungan sing resik. Kebak tanduran kanggo pager ijo, nek ora teh tehan ya kembang wora wari sak dawaning dalan. Kahanan sing endah. Sorot srengenge esuk gawe seger lan asrine kahanan ing iringing gunung. Jam setengah wolu esuk wis budhal ndherekke Eyang Pringga. Sakwise sarapan sing disiapke mbak Tini. Biasane nek nginep nang Yogja, mbak Tini mesthi ndherek, ning wektu iki ora rencana nginep nang Yogja. Priyayi loro, Rama Pringga karo Hermanu, numpak mobil disopiri pak Ali. Alon alon nelusuri dalan Wonosari Yogya, sing isih sepi ing wayah esuk.

Sak dalan dalan Eyang Pringga ora kendhat anggone ngendikan. Kasengsem karo kahanan esuk kang endah sak dawaning dalan. Menungsa kudu sregep ngrawat, aja gawe



reged lan ngrusak alam lingkungan. Sok sapa wae sing gawe rusak bumi pertiwi mesthi bakal entuk bebendhu seka Sang Pangripta jagad. Nek menungsa nresnani lan ngurmati bumi pertiwi, mesthi bakal entuk berkah lan ndadekke uripe seneng lan tentrem. Hermanu mung ngiyani wae apa sing dingendikakake Eyange.

Dheweke ngerti ajaran ajaran komunitas spiritual sing di pandhegani dening eyange. Nyoba nyadharake para anggotane ben bali ngrengkuh alam, ngurmati lan ngrukti bumi sak isine. Kanggo lestarine urip, mula ya ana jejibahan nglestarekakke bumi lan isine. Ana berkah, ana jejibahan, kudu imbang. Aja mung ngalap berkah, ning emoh nglakoni jejibahane wong urip nang alam ndonya. Aja nganti dadi menungsa mung kakehan sambat, bengak bengok nakokke hak-e ning lali kuwajibane.

Dumadakan ana pesen whatsapp mlebu nang pesawat tilpune Hermanu. Seka Ratri. Surasane cekak aos. “Sugeng enjang mas Her. Lagi apa ya ? Nek ora sibuk aku tak tilpun sedhela wae”.

“ Iki lagi nang mobil, tumuju Yogja, arep nyekar, ndherekke Eyang. Ora apa apa, tak tilpun balik ” Hermanu nyuwun palilah eyange.

“ Nuwun sewu Yang, arep tilpun kancaku Ratri”. Mung kabar kabaran biasa wae ora ana sing istimewa.

“ Mau bengi isa sare mas? Sak iki nang ngendi ?” Nanging kanggone Hermanu swara mau istimewa banget. Rasane ngrembaka seneng, le ngladeni tilpon kanthi gita gita senjata ora ana warta sing penting. Swarane Ratri pancen enak dirungokke, grapyak lan rumaket lan rada ana irama mesrane,

kaya wis sawung suwe. Ora suwe le dha sesambungan nang nang tilpun, sedhela wis rampung.

Mlebu kutha Yogja wis meh jam sanga. Mampir sedhela nang pasar Beringharjo, golek kembang. Pak Ali wis ngerti lageyane Rama Pringga, dheweke mlebu pasar golek kembang mawar, melati, telaseh, sedhep malem, karo kanthil lan kenanga. Metu seka pasar Beringharjo terus ngulon ngliwati dalan Ahmad Dahlan, tumuju nang pesareyan. Ora sida mampir nang Bacira ning terus tumuju nang pesareyan, mumpung durung panas. Pesareyan wis mulai akeh wong. Tujuane padha, niliki makam kerabat sing wis seda. Ning kahanan sepi ora ana swara rame. Kabeh padha nyimak dhewe dhewe anggone niliki pesareyan. Ana sing lagi resik resik, ana sing lagi ndonga, ana maneh sing lungguhan. Ing pesareyan iku pancen ana sak wetara wit sing isa dinggo ngeyup.

Rama Pringga dituntun Hermanu karo pak Ali, alon alon nuju pesareyane Eyang Larasati karo pesareyan almarhum pak Rio lan ibu Fransiska. Jejer telu nang ngisor wit semboja. Pak Ali direwangi Hermanu resik resik makam, Rama Pringga ngenteni kanthi sabar. Bubar diresiki, Rama Pringga paring pratandha arep miwiti anggone ndongakke almarhum lan almarhumah. Ora lali nyumet menyan kang ambune sedhep wangi. Prastawa ritual sederhana. Kontak batin karo sing wis padha seda. Ora suwe sinambi ngenteni enteke menyan kobong.

Kanggone Hermanu mbayangke rama ibune sing wis seda, kaya nang alam impen. Isih lamat lamat rikala semana, bapak ibune pamitan arep tindak adoh. Jarene Eyang tindak nang Jakarta, ana undhangan seka kantor kementerian.



Dadi sakwijining nara sumber nang penataran. Dheweke karo Eyang putri ngeterke nang stasiun Tugu wektu iku ing sakwijining sore. Klayu pengin ndherek, dheweke nangis nalika ibune arep munggah sepur. Ibune ngeneng eneng dheweke karo ngarasi. “Ora pareng nangis ya lik. Mung sedhela Bapak ibu le tindakan”. Dheweke ngawe awe nalika sepur alon alon ninggalke stasion. Ya wektu iku sing pungkasan dheweke meruhi rama ibune. Sakwise iku dheweke wis ora tau meruhi rama ibune sakloron. Mung kerep katon nang alam impen. Kangen banget rasane ora ilang nganti dheweke gedhe. Esuk iki nalika niliki pesareyan ne rama ibune, rasa kangen nang jeroning ati, kaya disok. Senajan tatag, dheweke mingsek mingsek, nggresula kaya jaman cilikane. “Bapak ibu kok ora kondur ya. Kangen banget aku”.

Rama Pringga uga wis rampung anggone maca kidung donga kanggo garwa lan putra putrine. Dheweke pirsu Hermanu anggone mingsek mingsek, kaya di iris iris atine. Pirang tahun awit bocah iku umur antarane patang tahun nganti saiki, angger tilik nang pesareyan mesthi tanpa sadhar banjur nangis. Sedhik banget rasane ning nang ngarepe wayahe, aja nganti ngetokke kesedihane, kudu kuwat, dheweke wis janji karo garwane almarhum yen arep nglindhungi lan nggulawentah nganti dewasa. Rama Pringga mung ngrangkul wayahe karo ngendika ‘Wis Her, sing sabar, bapak ibumu wis penak nang alam kelanggengan, aja ditangisi”.

Kedadeyan sedhik iku wis liwat telu likur tahun. Ning kanggone Rama Pringga isih cetha wela wela. Rikala semana, kira kira jam sepuluh esuk, Rama Pringga isih rapat ana kantor pemerintah dhaerah Bantul. Salah sijining pegawai matur menawa ana tilpun penting seka ndalem. Dheweke enggal

enggal bali nang ruang tilpun. Larasati garwane, mung krungu njerit njerit. “Ana apa jeng, ana apa?” Dheweke bingung, entek atine, durung tau garwane nangis histeris kaya ngono. Sedhela maneh ana sing nyandhak tilpune, rayine kakung sing nang pesawat tilpun. Damar rayine sing daleme uga nang Bacira, sing nyuwara nang tilpun.

“Kangmas tak aturi kondur saiki ya, ana kedadeyan sing nggegirisi”.

“ Ana apa dhimas. Aku nganti ndredheg, entek atiku kaya ngene. Ana apa?”

“ Sabar ya kangmas, ana warta sedhah. Putramu Rio karo Siska, kecelakaan nang Munthilan esuk mau, bali numpak bis malam. Sakloron wis ditimbal Gusti “.

Sak nalika Rama Pringga lemes, ambruk tanpa daya. Sedhela maneh banjur didherekke kendharaan dhines kondur. Tekan dalem tangga tangga wis padha kumpul. Kursi kursi tamu wis tinata. Gendera putih dipajang ana ngarepan. Dheweke wis ora kelingan sapa wae tamu sing nang ngomah. Garwane, Larasati isih bola bali semaput ana kamar. Nalika Rama Pringga teka, langsung ngrangkul karo njerit njerit. “Kangmas, Rio karo Siska kok ora mulih ya.”. “Sabar Jeng, Rio kari Siska wis bali katimbangan sing Gawe Urip”. Sore iku uga layon sakloron di makamke nang makam Kuncen iki. Kedadeyan mau kaya bali cetha wela wela saben dheweke niliki pesareyan. Ora isa dibaleni, ora isa diputer maneh. Lelakoning menungsa. Kudu lega lila le nglakoni.

Bubar ndonga, banjur nyebar kembang sing wis disiapke mau. Sedhep malem, mawar, teluki, kanthil dalah kenanga. Wis kliwat jam sewelas nalika nyekar wis rampungan lan ninggalke



pesareyan iku. Rama Pringga ngersakke mampir nang soto Kadipira. Hermanu karo pak Ali mung ndherek. Panggonan iki kawit nganten anyar dadi panggonan klangenane Rama Pringga. Wis ngadeg wiwit sakdurunge jaman kamardikan. Dhahar siang kanthi ngeling ngeling warung makan klangenan, Soto Kadipira.

Bubar dhahar, isih jam rolas awan. Akeh wektu nek arep mampir dalem Bacira. Dalem gedhe magrong magrong ning arang arang di enggoni, saksuwene pindah nang Wonosari. Kanggone Hermanu, dalem iki kebak kenangan. Dheweke wiwit cilik nganti lulus universitas, manggon nang omah iku karo eyange. Senajan suwung nanging ana sing ngopeni, resik resik saben dina. Rama Pringga karo Hermanu pengin leren sedhela nang dalem sing kebak kenangan iku.



- BAB 4 -

Omah Kenangan





Omah iku isih panggah pengkuh kaya biyen. Njegreg mibawani. Latare amba ana sakwetara taneman nang pekarangan. Mung warna temboke rada katon blawur sithik. Nanging katon resik lan kopen. Pancen ana sing kajibah resik resik. Senajan ora saben dina.

“Ali kono lerena dhisik, nang kamar mburi. Mengko nek wis ora sumelet panase, awake dhewe bali munggah”, dhawuhe Rama Pringga marang sopire.

“Her, nek arep metu aja nganti kliwat azar ya le. Mengko bali munggah kira kira bubar azar”

“Dalem ora arep nang endi endi kok Yang. Tak nang kamar wae, karo maca maca’.

Kamare Hermanu, nang sisih kiwa seka ruang utama. Ana jendhela ngadhep metu. Nang ruang tengah lengkap ana perabot meja kursi seka jati. Diplitur warna rada tua, katon antik. Nang tembok gumantung poto poto keluarga. Eyang Larasati, bapak ibune Hermanu lan Rama Pringga. Kanggone Hermanu, omah iku kebak kenangan, kebak crita. Wiwit umur patang tahunan nganti lulus Universitas Gadjah Mada, dheweke manggon nang omah kuwi. Rikala semana manggon nang kono karo Eyang Pringga, Eyang Putri, mbak Sumi sing mbantu lan ngancani. Jare rikala bapak ibune isih sugeng, dheweke karo bapak ibune manggon nang omah dhines ing daerah Sekip Bulaksumur, nang kampus Universitas Gadjah Mada. Ananging dheweke mung capet capet kelingan.

Dhaerah sak ubenging Bacira dheweke apal banget. Kelingan nek sok didhawuhi tuku gudeg cedhak stadion wetan kono, Stadhion Mandala Krida. Stadhion iku wis dibangun apik saiki. Ndhisik ya ora elek, mung nek pas ana pertandingan bal balan, penonton ramene ora karuwan.

Nek bubar sok dha kerengan tekan ngarep omah. Cedhak stadion ana asrama mahasiswa Dharma Putra. Kancane sing seka luar dhaerah sakwetara ana sing manggon kana. Kerep dolan nang asrama iku. Mak nyuuut kelingan kanca kanca kuliah jaman semana.

Awan iku sepi swasanane. Angin semilir enak nalika dheweke mbukak jendela. Mbalik metu nang ngarepan, ana wit blimbing karo jambu air nang pelataran ngarep. Pikirane nglangut kelingan nek sok penekan nang uwit kuwi. Ana pelem manalagi nang iringan. Uwit uwit iku wis padha tuwa. Ning prasasat setya melu nunggu omah iku. Ora tau sambat ora tau nyuwara, ning isa dipesthekke nek uwit uwit mau barang urip. Paringane Sang Pangripta, kagungane ibu bumi Pertiwi. Ora kena di sia sia, kudu diupakara.

Jaman sekolah dhasar nang SD Serayu, cedhak stadhion Kridosono, senajan cedhak dheweke mesthi diantar jemput mobil. Eyang Putri mesthi ngeterke prasasat saben esuk. Ora lali digawani sangu. Sok sok Eyang Pringga ya melu ngeterke. Rikala sekolah menengah pertama, uga cedhak Stadhion Kridosono, nang SMP V, dheweke uga isih di terke nganggo mobil. Sok sok diparengke numpak pit. Pite merk BMX jaman semana, wis onjo banget. Kerep dolan mubeng kutha karo kanca kanca sekolahe. Bareng nang SMA rada adoh sithik, nang SMA De Brito dalam Solo. Kadhang kadhang diterke mobil, kadhang numpak bis kota, sok sok ya numpak pit. Swasana kutha Yogya isih ora rame kaya saiki. Ora sepi ning dalam dalam durung macet. Ngangeni.

Lamat lamat kelingan jaman Eyang Putri karo mbak Sumi isih ana. Apa apa pepenginane mesthi kelakon. Saben



esuk mesthi didangu Eyang Putri, arep dimasakke apa lik ? Dheweke krasa banget nek disayang Eyang Putri. Uga mbak Sumi. Ora isa dilalekke. Wong wong sing banget ditresnani. Eyang Putri seda rikala dheweke kelas papat. Bola bali gerah. Isih kelingan banget dheweke isih nang sekolahan rikala dikabari lan dipapag sopir, dikadhani nek Eyang

Putri seda. Isane mung njerit jerit nangis. Pirang pirang sasi dheweke tansah murung ditinggal Eyang Putri. Kaya kelangan sak kabehane. Kaya kelangan ibune dhewe. Sak pungkure Eyang Putri dheweke nang omah iku karo Eyang Pringga, karo mbak Sumi. Embuh kena apa, nalika dheweke kelas siji SMA, mbak Sumi pamit mulih nang desane nang Gunung Kidul. Jarene mung pamit sak wetara dina, ning kok ora tau mulih, ora ana kabar. Tau nyoba nggoleki nang ndesane dikancani sopir, nang dhaerah Karangmojo ning ora ketemu.

Nggrantes

Rama Pringga nang kamar ya ora isa sare. Mung dheleg dheleg. Kamar iku, omah iku, kebak kenangan karo garwane sing banget ditresnani, Larasati. Poto nalika krama tahun sewidakan isih dipajang nang kamar iku. Jarik karo agemane isih lengkap disimpen nang lemari. Ana 2 lemari. Nek pas nang dalem Bacira ngene iki, lemari lemari kuwi dibukak. Ana ganda arum seka jarik sing marahi kangen. Eyang Larasati, priyayi putri sing canthas lan mrantasi. Urusan omah uga urusan njaban omah. Mesthi trengginas nandangi apa wae. Ora kakehan sambat, ora kakehan rembug. Wiwit nganten anyar yen wawan rembug mesthi nganggo basa Jawa alus, nganti tuwa.

Ketemu sepisanan nalika Rama Pringga lunga nang Solo, dolan nang nggone kanca kuliah sing asale Solo. Nang Baluwarti. Dheweke nginep nang omahe kancane banjur dikenalke karo tanggane. Seka dalem pangeran. Pancen putra bangsawan sing kondhang nang Solo. Jaman semana aktif nang organisasi sosial, nalika isih mahasiswa. Tau entuk gelar Putri Solo, jaman durung krama karo Rama Pringga. Katresnan seka soroting mripat kapisan. Sepisanan nandhang katresnan ya mung karo Larasati iku. Durung tau karo wong liya. Urip bebrayan atut runtut nir sambekala. Paribasan kaya mimi lan mintuna, nganti tuwa.

Kabeh cetha wela wela nang ati senjata wis seda suwe. Isih khayang bayang nalika dina pungkasan sak durunge seda. Rama Pringga nunggu nang rumah sakit Panti Rapih. Cahyane Eyang Larasati alum pucet. Dheweke ngendika alon.

“Kangmas mbok dalem dirangkul njih. Kraos asrep sanget”.

Rama Pringga mbenekke kemule keng garwa karo ngrangkul, di arasi bola bali.

“Endang waras ya jeng. Ben isa momong putumu, ngancani aku”.

Astane krasa anyep, nggegem kenceng banget. Swarane alon pedhot pedhot.

“Kangmas kepareng matur njih?. Taksih pengin sanget momong Hermanu. Kula tresna sanget kangmas...”

“Istirahat wae jeng, ora susah kok pikir. Sing penting bali waras dhisik”.

“Sampun mboten kiyat kangmas. Matur nuwun sanget katresnan panjenengan mboten upami dhateng kula ugi putra Rio lan wayah Hermanu”.

‘Iya Jeng, ora usah menggalih warna warna ya, ben

endang waras”.

“Kula supena, putra kita kekalih, Rio kaliyan gendhuk Siska mapag ngawe awe kangmas. Nyuwun sedaya pangaksami kemawon”.

Rama Pringga ora isa ngampet sedhihe, mbrebes mili krungu ngendikane garwane kuwi.

‘ Sampun sedhik kangmas, kula sampun ikhlas. Badhe manggihi Rio kaliyan sisihanipun”.

‘ Iya jeng, sareh ya jeng”.

“ Kula namung nyuwun setunggal kangmas. Pun wayah Hermanu, kula titip. Pun rimat kanthi sae. Piyambakipun menika wakilipun bapakipun ing donya menika”.

“ Iya jeng, mesthi tak estokake ngendikamu. Ning istirahat wae sliramu ya”.

“ Injih kangmas. Sampun kangmas, dalem nyuwun pamit. Andum slamet mugl Gusti tansah paring berkah”.

Bubar ngendikan mau, Eyang Larasati terus koma. Esuke seda kanthi sareh. Ditunggu dening Rama Pringga. Seda nang rangkulane. Hermanu dikabari nang sekolahan karo sopir, nangis njerit njerit histeris. Ora siap ditinggal Eyang putri. Keng rayine Rama Pringga, karo tangga tangga lan punggawa PEMDA sing cancut ngurusi pemakaman. Eyang Pringga mung dheleg dheleg karo ngancani wayahe si Hermanu. Eyang Larasati disarekke nang Kuncen dina iku uga. Bubar acara pemakaman, rayine Rama Pringga, Ir. Damar nemoni karo pesen.

“ Kangmas ya pancen abot. Ning kudu dililakke. Dalane urip wis kapesthi seka Sang Pangripta. Aja kedawa dawa ya, mesakna wayahmu”.

Dumadakan ana swara azan seka masjid. Rama Pringga wungu seka anggone ngungun. Pikirane nglambrang jaman semana. Alon alon metu seka kamar, nimbali pak Ali. “Wis siap siap budhal munggah ya. Hermanu tulung dikandhani”.

Sore iku alon alon mobil bali nang Semanu. Sunar srengenge padhang sak dawaning dalan. Hawane ora panas, angin semilir lembut. Rama Pringga karo Hermanu padha wawan rembug regeng. Hubungan simbah karo putu sing cedhak lan kenthel.



- BAB 5 -

*Wiwiting
Katresnan*





Mulih seka Yogja tekan dalem pesanggrahan ing Semanu wis nyedhaki surup. Rama Pringga terus mlebu kamar istirahat. Unjukan teh diaturke nang njero kamar. Dene Hermanu, langsung nang kamar mandi, adus dhisik nggo ngilangi rasa sumuk. Seger maneh rasane sakwise adus. Dheweke terus lungguh nang pendhapa ngarep, ndeleng endahing pemandangan nang gumuk lan lembah ing ngisor kana. Sinambi ngombe teh anget karo pisang goreng sing digawekke mbak Tini. Mbak Tini wis sakwetara taun ndherek Rama Pringga. Wiwit nalika isih ana Bacira. Hermanu jane durung patia cedhak karo mbak Tini. Merga mung sedhela le gathuk pas wis meh rampung le kuliah. Bubar lulus dheweke nang Jakarta, mung sok sok ketemu nek pas bali nang Semanu.

Endahing pemandangan nang pegunungan, sunar semburat warna emas nang langit sisih kulon. Kaya ana lampu semorot seka waliking gunung. Gawe sengseming ati sok sapa wae sing nyipati. Kaendahan gawane alam, dudu gaweyane menungsa. Ndulu kahanan kaya ngono, pikire Hermanu saya nglayang, ngedoh seka kasunyatan. Nglangut nglambrang karo nyawang langit sakdhuwuring gunung. Tanpa sadhar dheweke kelingan kedadeyan pas ditakoni rama ibune Ratri wingi. Ana rasa aneh sing nerjang awake. Wis suwe gejala iku ilang, kok ndadak wingi teka maneh. Wiwit nalika isih bocah Hermanu asring nandhang pratandha aneh.

Tekane ora mesthi. Sok sok nek pas atine bingung, apa nek pas angel turu, tandha tandha aneh iku teka. Sok dadakan ngono wae. Nek pas teka, pikire banjur dadi khuwur lan ana rasa giris panik. Awake kringeten anyep tangane ngewel. Pandeleng dadi buret, ana warna warna sing katon aneh

nang pandulune. Samubarang dadi katon cilik lan adoh. Swara gemrubug, swara wong omong krungune kaya padha pating bengok. Kadhangkala nek pas teka pratandha kaya ngono, kebarengan rasa kaya kaya nang pucuk wit pencit sing dhuwur, mobat mabit diterak angin. Rasane wedi banget. Kaya kaya ana janma sing arep njupuk nyawane. Nek isa njerit biasane gejala ngono iku banjur ilang alon alon karepe dhewe. Utawa nek ana sing nggugah ngelingake. Biasane bubar ngalami kedadeyan kaya kuwi banjur meneng wae, ndhewe nang panggonan sing sepi.

Rikala isih ana mbak Sumi, dheweke sing paling ngerti kahanane Hermanu. Kerep ngonangi nek ana pratandha ngono. Mung cukup diundang lan dielingke, aja ngalamun. Sok sok kudu disikep lan digugah nek nganti girap girap kaya wong nglindur. Mula dheweke krasa cedhak banget karo mbak Sumi. Pas isih ana Eyang Putri, ora tau ana gejala kaya ngono iku. Kadhangkala rasane wedi nek ora ana mbak Sumi. Mula rasane sedhih banget pas ditinggal mbak Sumi. Dheweke wis nang SMA pas ditinggal mbak Sumi. Rama Pringga jane ya ngerti kahanan sing dialami wayahe. Ning kan ora nyipati saben dinane. Wis tau digawa nang ahli konsultasi sak pungkure mbak Sumi. Ning ora ana kasile. Mung dikon maca kitab suci. Sore iku Hermanu krasa kuwatir. Rumangsa ana rasa aneh kaya jaman ndhisik. Pengin konsultasi karo ahline. Penake apa nang Yogja apa nang Jakarta ya ? Ndhisik wis tau konsultasi karo dokter kenalane nang Yogya. Dokter Mega, psikiater kesehatan remaja wektu iku. Embuh lah dipikir mengko.

Ndungkap magrib ana pesen WA mlebu seka Ratri. “Mas Manu wis kondur? Piye acara le nyekar? Lancar njih

mas?”.

“ Matur nuwun, lancar Jeng. Tak tilpun wae ya?”
Hermanu banjur tilpun liwat whatsapp. Rada pedhot pedhot
suarane merga sinyale lemah.

“ Njenengan karo bapak ibu sehat sehat kan jeng? Aku
lagi wae tekan ngomah. Bubar adus iki. Piye acaramu ?”.

“ Mas aku rong dina engkas arep nang Yogja. Ana
undangan dadakan nang kampus. Mung diskusi wae”.
“ Piye nek tak terke wae mengko, ning aja sesuk, sesukane
wae. Nek sliramu ora kabotan, karo dolan nang kutha
Yogja”.

“Matur nuwun mas. Pancen acarane ki sesukane, dina
Kemis, saiki kan lagi Selasa. Ning tulak lo mas, ora nginep.
Sesuk esuk nek sela tak enteni dolan rene ya. Mubeng
mubeng sing cedhak kene wae”.

“ Iya Jeng Ratri. Piye nek ya sesuk dolan nang nggonku,
tak tepungke karo Eyangku. Nek sarujuk mengko tak matur”.

“ Njih mas, matur nuwun. Seneng aku ketemu Eyang.
Ketemu sesuk ya. Udakara jam sanga”.

Jam setengah pitu bengi dheweke diundang mbak
Tini. Eyang Pringga ngajak dhahar bengi. Kabeh wis disiapke
karo mbak Tini. Eyang rada kendel wae, ora ngendikan
akeh mung ndangu. “ Isih kesel le, maem sik wae? “ Tengah
tengahe maem, Hermanu alon alon matur.

“ Yang sesuk Ratri tak jak sowan rene ya? Ben tepung
karo Eyang”.

“ Kok cepet temen ya mas. Ning ya ora apa apa. Mumpung nang kene. O iya mbok sisan maem siang wae, kon nyiapke Tini”.

“ Iya Yang, sesuk tak budhal esuk pengin mubeng mubeng cedhak cedhak kene wae. Awan terus sowan mrene”.

Sesuke udakara jam sanga Hermanu wis teka nang omahe Ratri. Nyupir dhewe ora dikancani pak Ali. Eyang Pringga mau jane ndhawuhi ben disopiri pak Ali wae. Ning dheweke luwih seneng nyopir dhewe. Ratri esuk iku pakaiane rada santai. Nganggo celana panjang warna dril kuning lembut. Ndhuwurane kaos warna pink. Warna sing cocok nggo cah enom. Tetep wae katon ayu lan anggun. Wedhakan tipis lan lipstickke manda manda. Dheweke wis siap nang ruang tamu. Hermanu meruhi Ratri kaya ngono dadi mlenggong. Beda maneh iki penampilane, ning ya tetep luwes anggun. Ratri nyapa kanthi grapyak lan gita gita.

“Sugeng rawuh mas Manu”. Salaman kenceng. Embuh ngapa rasane Hermanu kok kaya wis raket, kaya wis sesambungan suwe. Ana rasa kangen nang njero atine. Pengin ngrangkul rasane. Ya mung nang batin wae. Wong loro banjur pamitan karo rama ibune Ratri.

“ Nyuwun pamit bapak ibu badhe medal rumiyin. Kaliyan nyuwun palilah, mangke siang. Jeng Ratri badhe kula ajak sowan Eyang”.

“ Iya nak sing ati ati ya” ibune Ratri sing semaur. Ramane, pak Hario mung manthuk ngiyani.

Alon alon nyopiri mobil, nelusuri dalan dalan sing asri

sak undering kutha Wonosari. Dudu dina prei, Sabtu apa Minggu, dadi ora kebak pengunjung seka njaban rangkah. Hermanu nyopir kanthi sareh. Lagu lagu lawas seka tape mobil ngumandhang alon. Ambune parfum kembang melati sing dinggo Ratri nambahi swasana dadi luwih nyaman melankolis. Cedhak Ratri Hermanu atine sangsaya tentrem, ora ana rasa wedi sing ngaru biru. Ngobrol entheng sak jroning laku.

“ Mas Manu, aku wingi didangu ibu lho mas. Apa kancamu nak Hermanu kuwi kanggomu istimewa ta dhuk? Kanca biasa apa istimewa? ”

“ He he, njur matur apa kono dhik ?”

“ Ya matur biasa wae. Kanca anyar kok bu. Lagi ketemu sepisan, ora isa matur akeh”.

“ Lha kok ora matur kanca istimewa ya ?”

“ Ya ora wani ndhisiki ta wong awake dhewe durung kenal suwe. Durung ngerti situasine sing bener”.

“ Aku ya didangu Eyang, apa krasa cocok karo kancamu kuwi. Nek cocok ya sokur, isa nggo kanca mbat mbatan, ngendikane”. Pikirku sih ora cukup mung kanca mbat mbatan. Berproses alamiah wae lah, muga muga apik tembe mburine”.

Hermanu lan Ratri grupyuk le crita prekara pengalamane nang Wonosari. Senajan kutha cilik ning kok rasane tentrem, ora marahi kemrungsung nang ati. Wong loro mubeng mubeng sakdawaning dalan ing kutha Wonosari. Ora suwe wis puput le ngubengi, jalaran pancen kutha cilik.

“ Enake nang endi ya dhik bar iki? Isih gasik durung ana

jam sepuluh iki?”. Mungkin antarane jam rolas mengko bali nang Semanu”.

“ Manut wae mas aku. Nek ora kabotan njenengan, dolan nang pesisir Baron wae yuk. Panas sithik, ning angine laut seger rasane”. Hermanu mung meneng, dheweke jane ora patia karem lunga nang pesisir, ning ya ora ngendhani. Netral wae, ora makantar kantar le seneng laut. Alon alon terus tumuju nang pantai Baron. Ora adoh seka Wonosari. Dalane jembar seka aspal alus. Lancar tanpa macet.

Tekan pesisir Baron, mobil diparkir nang nggon sing eyup. Banjur wong loro mlaku mlaku nlusuri perangan pasir pinggir laut. Kahanan pandulu sing endah lan alami banget. Pesisir Baron dumunung ing teluk lautan Hindia. Pasire ora putih, ning ora ngurangi kaendahane pesisir. Angin segara semilir seger. Ana kapercayan jare angin laut kaya ngono iku isa ngurangi penyakit napas. Tanpa disadhari wong loro mau le mlaku kanthi gandhengan tangan. Sok sok nggegem kenceng. Embuh sapa sing mulai ndhisik. Mbokmenawa ya padha krentege. Sakwise tanek anggone mlaku mlaku, banjur leren nang sakwijining warung makan.

Hermanu pesen Coca Cola sing dhangin, nggo ngedemke gorokan. Ratri takon karo sing duwe warung, apa ana Sapparila ? Ibu ibu sing duwe warung kandha ana. Hermanu ora mudheng apa iku Sapparilla.

“ Bu sak derenge ngladekke minuman, tulung di fotokke riyin”. Herman ngulungke HP ne nang ibu ibu iku. Wong loro banjur pasang posisi arep foto bareng. Latar belakang Segara Kidul. Tanpa direncana, Hermanu mapanke tangane sing rosa nang bangkekane Ratri, nalika dijepret.

Semana uga, Ratri sendhen nang pundhake Hermanu. Ora direncana ora di komandho.

“Sepindhah malih njih Bu”. Hermanu ngrangkul Ratri, adhep adhepan. Ratri ya ora suwala, mbales ngrangkul. Atine wong loro ngrembaka nyaba langit. Kabeh krasa endah.

“Wah sae sangat lo mbak gambare”, ujare sing duwe warung.

“Mugi mugi lestari, diparingi pangestu kalih Ibu Ratu Kidul”. Hermanu mung nggleges, ora percaya ana Ratu Kidul, gugon tuhon.

Wong loro banjur lungguh bebarengan karo nyambi nikmati lan minuman lan nyamikane. Hermanu banjur melu pesen Sapparilla. Wong loro wawan rembug asyik prekara warna warna. Tangane padha gegem gegeman. Ana rasa aneh. Atine sir siran nang njero krasa mak sir. Alon alon Ratri takon. “Kabeh iki mau apa tegese ya mas awake dhewe?”

Hermanu aweh wangsulan sareh. “Aku pengin cedhak ora mung saiki sesaat, ning sak teruse dhik. Tak kancani, semono uga sliramu ngancani aku”.

Ratri semaur lirih karo kaca kaca. ” Mlaku bareng ya. Dalaning urip, alon alon”.

Rasane mak plong Hermanu. Rumangsa aman lan tentrem nang cedhake Ratri. Dheweke crita blaka suta prekara pratandha aneh sing disandhang. Serangan panik kaya pas mertamu nang omahe Ratri kae.

“Karepku sesuk nek nang Yogja aku tak ketemu kanca dokter sing ahli masalah kuwi, dokter Mega kenalanku”.

“Iya mas acaraku paling jam 10 tekan jam 12, bubar kuwi bebas”.

Hermanu banjur tilpun kancane mau, dokter Mega nang Rumah Sakit Sardjito. Dijanjeni ketemu nang ruangane pas jam istirahat siang. Ora lali banjur dha pesen masakan ikan laut, digawa mulih nggo oleh oleh. Dimasak mateng sisan ben ora repot nang ngomah.

Jam setengah rolas ninggalake pesisir Baron. Tumuju nang Semanu. Sedhela wis tekan dalem pesanggrahan. Eyang isih lenggahan nang ruang tengah, dikancani pak Ali nonton TV. Ngerti wayahe teka banjur nimbali mbak Tini, didhawuhi tata dhahar. Rama Pringga jengkar nang pendapa mapag tekane putune. Hermanu matur ngenalke Ratri nang eyange. Rama Pringga rada mlenggong nalika di salami Ratri, karo ngaras astane. “Dalem Ratri Eyang”, mung kuwi caturan sing metu.

“Iya nak, seneng ketemu sliramu. Manu wis crita tlesih prekara kono. Aku nek ngundang sliramu piye? Mbak, ndhuk utawa apa?”

“Mangga ndherek kemawon Eyang. Nimbali Ratri kemawon”. Hermanu ora lali menehke masakan ikan laut sing tuku nang Baron mau marang mbak Tini.

Wong telu nang meja makan wawan rembug rada akeh. Sing akeh crita ya Ratri karo Rama Pringga. Hermanu mung sok sok nyela.

“Aku seneng weruh kono wong loro dha kekancan raket. Ratri ngelingke aku nang Siska almarhum”.

“ Siska sinten njih Rama”.

“ Fransiska, ibune Hermanu kuwi. Wis almarhum. Sliramu wis dicritani Hermanu kan ?

“ Injih sampun rama. Nderek prihatos lelampahan menika”.

“ Kabeh wis ginaris dening Sang Pangripta. Sing gawe urip”.

Bubar makan siang, Hermanu karo Ratri lungguhan sedhela nang ngarepan. Nang nggon eyup pekarangan ngiringan. Mung sedhela banjur nyuwun pamit arep mulih. Wis jam setengah loro.

“ Katur salamku kagem Rama Ibu ya Ratri. Kapan kapan tak dolan mrana. Sakdurunge mulih Jakarta, dolana rene dhisik. Ben dijemput Hermanu ya”.

“ Injih Eyang , mangke ndawuhi mas Hermanu, ngatur wekdal”.

Hermanu alon alon nyetir mobil, nlusur dalam dalam kang alus tumuju panggonane Ratri. Atine seneng, tentrem sakwise ketemu Ratri dina iki. Kanggone wong loro, dina iku ateges momentum sing penting nang dalam panguripan kanggo mbesuke. Wiwiting katresnan, wiwitane dalam urip bebarengan. Muga muga ora ana alangan sak teruse.



- BAB 6 -

*Impen Endah
Gandane
Wangi*





Ratri dheleg dheleg, nang kamar sore iku. Ngrungokke lagu lagu lawas lamat lamat. Bapak ibune lagi padha sare. Atine trenyuh, ngungun ning rumangsa seneng lan tentrem. Dolan karo Hermanu. Dirangkul Hermanu. Sumendhe nang baune, lan nggegem tangane. Rumangsa cedhak karo dheweke, senjata lagi wae kenal. Rasane kaya ana sing ngayomi lakune ing mbesuke. Ana sing ndhampingi. Lakuning urip bebrayan. Pepenginane urip bebrayan kaya rama ibune. Rukun awit enom tekan kaken ninen. Padha dene le ngemong. Seneng isa ketemu Eyang Pringgalaya. Krungon krungonen swarane Hermanu, pengin cedhak sakteruse, ora mung sak tleraman banjur ilang. Fotone dheweke karo Hermanu nang pesisir Baron, bola bali di sawang. Kok kaya wong ngimpi ya. Cepet banget. Muga muga dadi kasunyatan sak lawase urip bebarengan karo Hermanu. Atine ngakoni menawa pisan iki dheweke nandhang tresna karo Hermanu.

Jane Ratri kancane ya akeh, soale pancen dheweke supel lan pinter srawung. Nalika isih kuliah disik dadi aktivis kampus. Kuliah nang jurusan arsitektur. Akeh kegiatan kemahasiswaan nang kampus. Uga nang njaban kampus. Hobine olah raga, nari, lingkungan lan budaya. Werna werna kegiatane ana beksan, tarian daerah uga seneng dansa ball room. Melu gerakan nasional berkebaya, lan kembali ke alam. Nganti saiki. Ora maido nek pasrawungane amba kancane akeh. Ning karo kanca kancane ora nate ana rasa apa apa. Kanca pria sing istimewa blas durung tau ana.

Ratri senjata aktif melu beksan, ning ya seneng ballroom dancing. Pengin ballroom karo Hermanu mbesuke. Muga muga kaleksanan. Mbayangke nek isa ball room waltz, tango,

cha cha, rumba, fox trot karo Hermanu, mesthi nikmat banget. Kaya melayang nang awang awang diiringi lagu sing pas cocok, semendhe nang dhadhane Hermanu. Ndhisik nek ballroom ya mung karo pelatihe, sing kerep karo ramane, pak Hario. Bapak ibune Ratri, Rama Hario lan ibu Rina, uga jago ballroom. Anggota klub kagungane Rama Andaryoko sing tau kagungan studio lan nglatih ballroom nang ndaleme ing jalan Mojopahit 42 Semarang tahun pitung puluhan. Priyayi loro iku tekan sepuh isih seneng ballroom, senjata mung dhewekan wong loro. Pakdhene sing maune ngasto dosen nang ITB, almarhum pakdhe Hadi sing ndorong pak Hario karo bu Rina latihan ballroom. Pas urip nang Amerika, pakdhe Hadi melu kursus lan dadi anggota klub sing kondang nang New York, udakara tahun sewidakan akhir. Sayang pas balik nang Indonesia, arang banget ana kesempatan.

Nang kamar mandhi adus karo rengeng rengeng lagu Rain Drops Keep Falling on My Head. Mbayangke nek diiringi lagu iki, dansah foxtrot karo Hermanu mesthi nikmat banget rasane. Bubar adus bapak ibune wis lenggahan nang ruang tengah, sinambi ngunjuk teh sore.

“ Kok ketoke kowe seneng banget ta ndhuk. Seneng mau dolan karo kancamu anyar Hermanu iku?”, ibune setengah ndhedhes.

“ Seneng banget ibu, dolan karo mas Manu. Aku diajak mampir nang ndaleme Eyange uga, maem awan nang kana”.

“Piye Eyange isih sehat sehat ta?”

“ Iya aku trenyuh krungu critane seka Eyang Pringga. Pas ketemu salaman, ngendika kok kaya Siska ya”

“ Sapa iku Siska, ndhuk ?”

“ Aku ya matur ngono bu, sinten Siska menika Eyang? Wangsulane marahi aku mbrebes mili bu. Siska iku bu Fransiska, keng ibune mas Manu sing wis seda, bareng karo garwane ya pak Rio”.

“ Eyang Pringga seneng ngendikan, ning nek nyritakke putrane karo mantune almarhum, karo kaca kaca. Isih katon sedhik lan abot”.

“Oh iya rama ibu, salam seka Eyang Pringga. Pas aku pamitan, aku dirangkul. Jare didhawuhi dolan mrana maneh ben dipethuk mas Manu”. Senajan dadi aktivis mahasiswa, Ratri rada aleman nek nang ngomah karo rama ibune, lan cedhak banget. Jaman nang tingkat telu, tau melu pilihan Ratu Kampus, entuk runner up. Ibune sok sok was was, bocah ayu, pinter, kancane akeh kok ora tau gelem pacaran. Nek ditakoni mesthi selak. Lha kok iki malah crita blak blakan. Atine lega campur was was.

“ Mesthine mau kan ya foto foto barang ta ndhuk? Mbok bapak ibumu diwenehi weruh”.

“ Kosik bu, durung wani nduduhke. Tak takon mas Manu dhisik”. Ratri nyoba tilpun Hermanu langsung nang ngarepe rama ibune. Hermanu lagi leleh leleh nang kamar, arep adus.

“ Mas mau fotone arep dipirsani ibu, ora apa apa ya?” Hermanu setengah isih ngantuk mung semaur, mangga wae sliramu, kudu siap nerangke ya. Bareng foto fotone dipirsani bu Hario, piyambake njondhil kaget.

“ Ndhuk kok wis raket kaya ngene apa wis kok pikir tenan?”

“ Aku wis mantep bapak ibu. Mas Manu tak takoni, ngene ki tegese apa? Jawabane cekak aos. Aku pengin cedhak karo sliramu sak lawase.

Ora mung kedadeyan sak tleraman banjur cuthel. Pak Hario sing wiwit mau mung kendel wae banjur ngendika.

“ Ya sing ati ati ya Ndhuk, aja kurang deduga mundhak kegelan ing tembe mburine”.

“ Injih rama, ning nyuwun tulung nek mas Hermanu sowan mreng, didhawuhi latihan ball room ya. Sokur nek rama dhewe karo ibu sing nglatih. Aku ora yakin nek dheweke tau latihan ball room”.

“ Iya gampang ndhuk nek ana kesempatan”

“ Oo iya bapak ibu, aku wis matur nek Kemis sesuk arep nang Yogja. Aku arep diterke mas Manu, pareng ya. Dheweke sisan karo konsultasi dokter mriksakke gejala panik kaya pas nang kene kae”.

“Iya ora apa apa, ning ora nginep ta?”

“ Ora bu, acaraku rampung jam rolas. Jam setengah loro nang rumah sakit Sardjito nemoni kancane mas Hermanu, sing ahli psikiater”.

“ Iya ndhuk ning tetep ati ati ya”.

Wong tuwa sing wicaksana mesthi ora lali paring weling sing ngati ati, nek putrane arep lunga apa arep ngayahi tugas. Dudu mung kanggo patut patut formalitas. Pancen tegese



jero, kudu ngendhani nek ana rubeda apa alangan. Kudu isa nggraita lan endha. Nek bahasa gaule kudu isaantisipasi. Kadhang urip kebak kahanan sing ora isa ditebak sak durunge. Kedadeyan sing dialami Ratri karo Hermanu kok kaya nang impen wae kanggone bu Hario, cepet banget, ning ya marahi lega. Muga muga ora ana sambekala ya Ndhuk. Ben wangi lelakonmu karo wong sing kok tresnani, kaya wangine kembang kanthil.



- BAB 7 -

*Desen
Nyalawadi*





Rama Pringga lagi goreng panggalihe. Ana pesen cekak SMS mlebu nang handphone esuk iki mau. ‘Rama, kula benjang badhe sowan. Nyuwun berkah pangestu. Saking kula Sumiati’. Ora gamblang sapa ta Sumiati kuwi, seka ngendi. Kok mung pesen pengin ketemu. Nyuwun berkah pangestu, ki karepe apa? Biasane sok sok ana kadang sing teka nyuwun berkah pangestu. Endi jare arep rabi, sok sok rabi ngrangkep, arep supitan, arep nyalon lurah lan liya liyane. Malah tau ana sing arep melu PILKADA barang, pilihan bupati lan pilihan anggota DPR. Lha bisa apa aku ? Aku dudu sapa sapa. Mung pegiat budaya Muli Marang Alam, ngrumat alam lan lingkungan ben lestari. Ora ana liyane maneh. Kok dikon mangestoni pilihan lurah apa PILKADA. Lha nek pancen wani mbok menyang Gubernur apa Sekda ben diparingi katebelece nggo maju PILKADA. Arep rabi maneh kok takon aku, carane kepriye ben sisihane isa nyetujoni, ora protes ben isa lancar kantor agama. Aku dhewe ditinggal bojo, ora tahu rabi maneh, kok dikon mangestoni wong arep rabi maneh. Banjur takon wayahe, Hermanu.

“ Her, sesuk ki ana wong jenenge Sumiati arep nemoni aku. Embuh seka ngendi. Mung pesen cekak aos, pengin nyuwun pangestu, ngono wae. Sesuk kono nang ngomah ta ngger?”

“ Dalem sesuk arep nang Yogja karo Ratri Eyang. Aku wis matur lho apa kesupen ? Karo arep konsultasi nang dokter psikiater nang rumah sakit Sardjito. Kan wis biasa ana tamu Eyang. Kaya biasane wae lah”.

“ Kok nemoni kanca psikiater ana apa ? Apik apik wae ta kahananmu”

“ Mung ngobrol kok Yang, wis suwe ora ketemu”.

“ Sakdurunge balik Jakarta, nek ora repot Ratri jaken dolan rene ya. Aku kok njur kelingan ibumu bareng ketemu dheweke. Sing gemati ya karo Ratri, ati ati lehmumu kekancan”.

“ Nyuwun pangestune Yang. Aku karo Ratri wis padha ngertine. Lagi tepung sedhela, kudu ati ati’.

Hermanu lagi isih umur udakara patang tahun nalika ditinggal bapak ibune. Sumi mulai ndherek kira kira sakwatara sasi sakbubare kedadeyan sedih iku. Rama Pringga karo garwane Larasati, pasrah Sumi momong Hermanu. Bocah sabar pinter momong bocah cilik. Wis kaya dianggep keluarga dhewe. Jare omahe seka daerah Wonosari apa Wonogiri ngono. Sakbubare garwane seda, awal tahun 2000 nan, Rama Pringga mung nggantungke nang Sumi le momong karo ngladeni Hermanu. Rada suwe Sumi ngladeni Hermanu cilik. Ngancik Hermanu nang SMA, ana kedadeyan dadakan. Sumi dipethuk bapake merga simake jare lara nemen nang ndesa.

Bubar iku banjur ora ana berita apa apa. Rasane gothang banget ditinggal Sumi kanggone Hermanu, uga kanggone Rama Pringga. Prasadat rasane kaya ditinggal putrane dhewe. Isih kelingan dina pungkasan Sumi nang ndaleme, jaman semana isih nang Bacira, le ngerih erih ben gelem mulih maneh. ‘Ngestokaken dhawuh Rama, mugi mugi kula saged wangsul malih mriki. Ningali kawontenan bapak kaliyan simak kula. Sajakipun radi wonten keruwetan ing nggriya. Matur nuwun sanget sedaya kasaenan Rama ugi ibu almarhum. Sampun mataun taun kula ndherek.” Bubar iku gonta ganti asisten rumah tangga, nganti akhire entuk Tini. Tini wis meh sepuluh tahun iki ndherek Rama



Pringga. Prigel ngurusi urusan omah saben dinane bebarengan karo Ali, sing sok nyopir uga.

Bengi iku goreng banget batine Rama Pringga. Anggone sare ora jenak. Kliwat tengah wengi isih klisikan. Apa Sumi tenan sing teka sesuk? Lali sapa jenenge lengkap Sumi. Sumiatun, Sumiati apa Sumini. Babar pisan lali. Muga muga bener Sumiati ya. Ketok ketoken cilikane Hermanu bubar ditinggal bapak ibune jaman semana. Sumi karo garwane sing nlateni saben dinane. Bu Pringga sakbubare kelangan putrane, Rio karo sisihane Siska, blas wis ora isa nindakke kegiatan rutin saben dinane. Uga le ngopeni wayah tunggale Hermanu, sak perangan gedhe ditandangi dening Sumi. Ana alasan loro sing penting. Sepisan kesehatan fisike saya mundur. Bola bali gerah, sok kudu opname. Gonta ganti, endi sing asma, endi sing tekanan dharah, endi sing gula, prasasat arang arang sehat. Kamangka yuswane ya durung akeh jane. Kapindho, kahanan psikise ora tau isa stabil. Kerep ngalamun karo muwun, nimbali putrane mas Rio karo sisihane Siska. Mula ben ora ndadekke pengaruh elek karo wayahe sing isih cilik, sengaja Hermanu di emong dening Sumi.

Isa ngliyep sedhela. Mak nyut wewayangane Sumi karo Manu pas isih cilik, katon cetha wela wela. Sumi lagi dolanan karo Manu, dolanan nang taman cedhak omah nang Bacira, taman Bakung. Wong loro kuwi wis biasa nang panggonan kono. Karo dha rengeng rengeng sing ora cetha. Dadakan wae Hermanu mlayu mlayu nang sak kubenging taman. Bocahe tiba, nangis njerit njerit kelaran, metu getihe seka bathuk. Sumi sing momong banjur mbopong Hermanu, karo nangis njerit njerit kae. Dhik Manu Rama, dhik Manu... Nyuwun tulung. Krungu tangise Sumi karo jerite Manu, Rama

Pringga atine entek, panik ora karuwan. Rama Pringga nang impen tanpa sadhar mbengok mbengok nimbali Hermanu karo Sumi. Ngerti ngerti kok kamare wis didhodog seru. Jebul mung ngimpi. Hermanu njegreg nang ngarep lawang. “ Kok nglindur Eyang. Ngunjuk banyu putih dhisik. Istirahat sing penak, aja kakehan menggalih”. Rama Pringga bali mapan maneh, ning wis ora isa turu. Wis parak esuk, jam telu esuk.

Esuk iku Hermanu pamitan budhal esuk. Jam setengah wolu arep ngampiri Ratri dhisik. Rama Pringga mung lenggahan wae nang pendhapa, karo nyetel radio, ana klenengan. Wiwit jam sanga ana wae tamu teka siji loro. Akeh masalah sing diaturke. Isane ya mung paring dhukungan. Sing sabar, sing tabah. Ndonga karo Sang Pangripta lan nyuwun pangestu seka Bhumi Pertiwi. Dilakoni wae kanthi sabar, kaya melu ilining banyu. Urip digawe sak madya wae.

Udakara jam sewelas kurang sithik ana wanita medhun diterke ojek. Nganggo kebaya warna lembut. Ngisorane jarit parang rusak. Umur umurane kira kira tengah tengahe patangpuluhan tahun. Mlaku ati ati mlebu pekarangan. Katon menawa kepanasen. Raine mangar mangar. Senajan ora dandan, nanging ketara garis garis praupane wong ayu. Kulite resik putih. Nyekeli tas cilik.

“ Kulanuwun Rama”.

“ Injih manga , sinten nggih. Pinarak nglebet bu”.

“ Kula Sumi Rama, Sumiati ingkang kala rumiyin ndherek wonten dalem Bacira”.

“ Ooo Sumiyati, suwe banget kowe ora ngetok. Kok ora tau ana kabare ki nang endi wae ndhuk?”

“ Critanipun panjang Rama. Kula nyuwun pangapunten ingkang mboten upami kok mboten wangsul malih tanpa pawartos. Mangke kula aturaken”

“ Lha kahananmu apik apik wae ta Ndhuk? Kowe ki wis tak anggep kulawarga dhewe ndhuk. Ibumu wis ora ana, kok malah ninggal aku karo Hermanu. Ya wis ora susah dipikir maneh. Ning kabarmu apik apik wae ta ?.

Rama Pringga banjur nimbali mbak Tini, didhawuhi nggawekke teh kanggo Sumi. “ Tini tulung digawekke teh nggo Sumi iki, seka adoh. Ndhisik sing momong Hermanu dhong isih nang Bacira”.

“Dospundi kabaripun Rama lan mas Manu ? Sedaya sae kemawon ta dangu mboten kepanggih. Sampun kalih welas tahun sakpriki’.

“Lha kono kok ngerti panggonanku nang kene seka sapa ?”

“ Pikantuk nomer saking tanggi, kacriyos asring sowan mriki piyambakipun”.

“ Hermanu wis rampung sekolahe, bubar lulus SMA kae terus neruske nang Jurusan Ekonomi. Lulus 5 tahun kepungkur lan benum nang Jakarta. Iki saiki lagi mulih, ning dina iki lagi nang Yogja. Lha kono nang endi wae welasan tahun iki?. Kok ya ora kabar kabar”.

“ Bapak kaliyan simak kula mboten wonten sampun dangu Rama. Simak mboten wonten njih sakwetawis dinten saksampunipun kula mantuk saking Yogja menika”.

“Njur kowe wis omah omah durung ?”

“ Sampun Rama, namung sekedhap lajeng pun tilar, rabi kaliyan tiyang sanes. Kula wonten momongan setunggal, sampun kelas 6 sekolah dhasar. Kula sowan mriki badhe nyuwun pangestu sageda momong thole kanti sae”.

“ Ngene ya, kono kudu ketemu Hermanu. Dheweke mulih mengko sore entenana. Dheweke karo kancane anyar Ratri”.

“ Lha kula mangke kedalon Rama, griya kula wonten Pracimantoro sak menika”

“ Wis ngene wae kono nginep nang kene, akeh kamar. Kudu ketemu Hermanu ben isa crita akeh ya mengko isa crita akeh”. Rama Pringga nimbali Tini maneh. Didhawuhi nyiapke kamar kanggo Sumi.

“ Iki Sumi cepakana kamar ya. Mengko bengi nginep kene. Karo jaken maem awan dhisik. Wis Sumi, kana istirahat dhisik. Mengko le crita diteruske”. Bubar nemoni tamune Sumiati, ndilalah kok udan gedhe ora mekakat. Rama Pringga pamitan arep nang kamar dhisik. Sumi didhawuhi maem awan karo leren dhisik.



- BAB 8 -

Suwalaning Katresnan





Bareng sesambungan karo Hermanu, Ratri kerep ngalamun. Atine dheg dhegan. Angger kelingan mesthi krasa mak sir nang njero dhadha. Ora suwala, pasrah. Dheweke rumangsa cedhak lan tresna banget karo pria iku. Durung tau ngalami kaya ngene saklawase urip. Nganti angel turu. Iki wis meh tengah wengi isih melek ketok ketoken nalika di rangkul Hermanu. Ngantu antu enggal esuk ben ndang ketemu pria sing ditresnani. Isih krasa ngantuk nalika tangi esuk mau. Cepet cepet adus karo dandan. Sak kecekele, nganggo pakeyan sing biasa dinggo rapat. Blazer setelan warna gelap, nang njerone blazer nganggo kaos warna krem tipis. Rambute disanggul peni, gulune sing ngolan olan katon cetha. Atine seneng ngrembaka nalika Hermanu teka. Pria sing dikangeni awan bengi. Katresnan tanpa wates sundhul wiyati.

Dheweke ora akeh crita nang mobil merga isih ngantuk. Tangane diselehke nang pangkone Hermanu. Rumangsa aman nang jejere Hermanu. Wis kepara awan nalika mlebu tlatah Yogja. Nyandhak jam setengah sepuluh wis tekan Janti, terus mlebu jalan lingkaran arah ngalor liwat Condhongcatuur. Ora patia rame sak dalan dalan, mung hawane rada sumuk, mbokmenawa arep udan. Herman mantep lunga bebarengan karo Ratri. Rumangsa kaya ngimpi wae. Atine krasa tentrem nang cedhake Ratri, ora keganggu rasa wedi lan panik. Nganggo hem lengen dawa warna putih katutup jaket tipis abu abu. Pasangan endah kaya Dewa Kamajaya lan Dewi Ratih.

“Mas, aku takon ya” Ratri miwiti omong. “Tahu latihan tari, beksan Jawa, tarian daerah apa dansah ballroom ?.

“Tahu ning ora lengkap. Pas sekolah dhasar, ajar

tarian nasional. Tahu nari Pinang Mudha pas ana kunjungan sekolah seka Dhinas. Pas esempe latihan beksan Jawa. Rikala mahasiswa, sok grubyukan karo kanca kanca kuliah latihan ballroom. Ning ora ana sing terus”

“ Ngene ya mas, nek ana wektu latihan ya. Latihan ballroom, ben dilatih bapak karo ibu. Bapak ibu sakloron isih kerep ballroom nganti saiki. Aku kerep kesengsem nek lagi dha ballroom, mesra banget”.

“ Lha kok pengin ki piye? Pengin karo aku ?”

“ Blakasuta mas, aku pengin banget ballroom karo njenengan, nggantung nang baumu, ngetutke irama musik, ora isa mbayangke aku”.

Ora krasa wis mlebu kampus Universitas Gadjah Mada, terus nang Fakultas Teknik. Hermanu ora melu medhun. Mung ngedrop Ratri, banjur tumuju nang UC Resto, ngenteni karo nggarap gaweyan seka kantor sing kudu diajokke minggu ngarep. Kampus iku kebak kenangan kanggone dheweke. Jaman semana, mesthi bolak balik numpak bis kampus seka Bacira saben dina. Eyange mesthi nguntapke nang ngarepan nek esuk, mengko wayahe mulih eyange wis nunggu nang pendhapa. Ana hubungan batin sing jero karo Eyange. Nalika wis lulus, dheweke matur arep nyambut gawe nang Jakarta, Eyange sedhih banget, muwun karo sambat, “ Aku nang ngomah karo sapa ya le”. Sak wetara wulan nang Jakarta, Eyang Pringga milih jengkar seka Bacira, pindhah nang Semanu, yasa dalem pesanggrahan seka kayu jati. Eyange seneng swasana desa, sepi lan tentrem. Awan iku dheweke nyoba tilpun Eyang Pringga, ngabarke dheweke nang endi. “ Eyang, tamune wis teka? Dalem lagi nang UC, nunggu Ratri



lagi rapat. Jam setengah loro nang rumah sakit Sardjito”. Eyang kayane seneng ditilpun, senjata dudu warta wigati.

“ Iya iki Sumiati kae lagi wae teka. Pangling aku. Pengin ketemu kono. Sore iki bali ya le”.

“ Seneng nek mbak Sumi teka maneh. Isa crita akeh mengko sore Yang. Aja diparengke bali ndhisik ya. Aku kangen mbak Sumi. Suwe banget ora ketemu”. Jam rolas luwih sithik, Ratri tilpun, nek acarane wis rampung, njaluk dipapag. Enggal enggal dheweke tumuju nang Fakultas Teknik. Ratri wis nunggu nang aula ngarep. Katon rada pucet, mungkin saking kesele, karo dene mau bengi jare kurang turu.

“ Isih ana wektu cukup nganti setengah loro, enake maem siang dhisik ya Jeng. Pilih nang endi? Ana rumah makan Jepang, rumah makan Barat nang jalan Kaliurang, apa sop nang SGPC wae cedhak selokan wetan kana”

“ Aku manut kae mas. Sing penting isa cedhak, maem bareng njenengan”.

“ Nang rumah makan Jepang wae sing ora rame ya. Tur cedhak karo rumah sakit Sardjito, nek mbokmenawa udan mengko”. Gageyan mobil disopiri nang jalan Kaliurang. Ana rumah makan Jepang. Hermanu wis bola bali jajan nang kana, sok dhewekan, sok karo kancane. Awan iku pesen sing set menu wae, ben cepet. Chicken Yakiniku, karo tuna shashimi. Ratri milih sup miso karo shushi.

“Piye rapate lancar jeng”? Ora ana hambatan berarti ya?”

“ Lancar mas, ana proyek anyar nang pantai Selatan. Aku nggarap rancangan tata ruang lingkungane”.

“ Aku mau tilpun Eyang, ngendikane jare ana tamu, mbak Sumi, sing momong aku pas isih cilik ndhisik. Pengin cepet cepet mulih aku selak pengen ketemu”.

“ Iya muga muga perjalanan mulih lancar mengko”. Bubar maem siang, Hermanu karo Ratri gageyan nang rumah sakit Sardjito. Rumah sakit iki ndhisike jane ora patia gedhe. Nanging bareng dibangun kabeh ya dadi gedhe tenan. Panggonan parkirane nang mburi, rada cupet ruang parkirane. Wong loro mlaku gandhengan nggoleki ruangane Dr. Mega. Kudu cepet cepet amarga wektune nylepeg uga. Dr. Mega, sibuk banget, gelem ditemoni pas istirahat awan, wis pira pira. Mubeng mubeng sakwetara, lagi ketemu ruangane, ora gedhe ning teratur rapi. Akeh gambar nang tembok. Ketemu gapyuk karo dokter Mega, Herman menehi salam.

“ Sis piye kabarmu, suwe ora nate ketemu. Muga muga apik apik wae ya”. Dokter Mega rada kaget.

“ Pangling aku Her, akeh sing owah. Tambah gagah mandang dadi pria metropolitan”.

“Ora ana sing owah. Isih kaya wingi uni. Panggah wae”.

“ Ora owah piye ta? Lha iki sapa? Kenalke jeng, aku Mega, kanca lawase Hermanu jaman esempe ndisik”. Wong telu banjur ngobrol santer. Ratri ora kikuk babar blas karo Dr. Mega. Dokter Mega, ahli kesehatan jiwa kondhang. Mesthi isa nebak seka pandangane antarane Hermanu karo Ratri.

“ Iki hubunganmu karo Jeng Ratri sajake wis serius ya Her. Sing rukun nek wis cocok. Golek sing cocok angel lho jaman saiki”.

“ Lagi wae Sis, ning wis padha ngertine pengin serius’.

“ Sokurlah, aku melu ndongakke, muga muga ora ana alangan. Lancar kabeh”.

“ O iya Sis tekaku rene arep takon njenengan prekara gejala sing asring tak alami ndhisik. Sakwetara dina kepungkur kok teka maneh. Apa sing kudu tak lakoni ya ?”.

“ Mung panik ta ya, tanpa gejala aneh aneh kaya ndhisik?”.

“ Mung dheg dhegan, pikiran khuwur, ndredheg karo metu kringet anyep”.

“ Akeh jenis obate sing isa di resepke. Nanging apike dicoba ndhisik, upaya pencegahan ya. Kudu kok sokke sangganing pikirmu, nang wong sing kok percaya. Nek hubunganmu wis mantep karo Ratri, critakno sangganmu marang Jeng Ratri ben isa entheng. Jeng Ratri isa dadi dalam nggo mbuang sanggan rasa sing mbokmenawa kowe ora nyadhari isih ana nang njero batinmu”.

“ Jeng Ratri tulung ya njenengan kudu gelem nampung sanggane Hermanu menawa diperlokke. Ora saben dina. Mung kala kala wae”.

“ Njih mbak Mega, aku pengin cedhak terus karo mas Manu, ndhampingi dhewekke nek ana sanggan sing ora kuwawa di tahan. Awake dhewe wong loro mesthi bareng terus”. “ Piye ta Her, beja kemayangan awakmu. Iki Ratri wis

tanpa suwala pengin ndhampingi awakmu. Kurang apa maneh ta?"

" Iya matur nuwun banget saranmu. Tak estokke tenan. Aku rumangsa kuwatir nek banjur kaya ndhisik nalika isih esempe. Bolak balik teka, sok nganti pirang pirang dina".

" Mantep wae, mengko uga tak wenehi alamat psikolog sing pengalaman nang Jakarta".

' Rebut cukup ya Sis, matur nuwun banget nasehate. Aku terus nyuwun pamit dhisik. Salam kagem kangmas".

" Ora perlu kuwatir Her. Sing ati ati ya. Kudu tansah mikir positip. Mas Heru tugase nang Bandung. Urip adoh adohan, durung isa kumpul kaya pasangan normal". Hermanu karo Ratri, enggal enggal metu. Bali nang parkir. Langite peteng mendhunge tenanan, sajake arep udan gedhe. Ora baen baen udane. Metu seka rumah sakit, udan deres banget prasasat banyu kaya disokke seka langit. Hermanu ngajak mampir nang Bacira ndhisik wae timbang kudanan nang ndalan mengko. Dalan Yogja Wonosari senajan alus aspalan, ning enggak mengkok sok isa ndrawasi kanggone sing durung pengalaman nek udan gedhe kaya ngene. Pak Sardhon sing tunggu omah nang Bacira, kaget rikala Hermanu teka. Ora ana berita apa apa. Biasane dheweke wis nyiapke uba rampe, nek Rama Pringga rawuh Bacira. Sakwise markir mobil nang garasi, wong loro enggal enggal mlebu nang ruang tengah.

" Pak Sardhon, lawange kamar kamar dibukaki ya. Karo gawekna teh anget aku"

" Sampun dhahar Gus Manu ? Menawi dereng kula ngliwet sekedhap".

“ Ora susah, wis maem awan aku. Iki karo Jeng Ratri aku, durung tau ketemu sampeyan, soale durung tau tak jak rene”.

Hermanu karo Ratri lungguhan nang ruang tengah. Udane swarane gemuruh ora karuwan. Campur angin gedhe. Banjur kirim pesen whatsap nang Eyang Pringga, nek lagi nang dalem Bacira, ngenteni udane terang. Udan dibarengi angin gedhe nggegirisi. Ora suwe wis ana wangsulan seka Eyang Pringga, didhawuhi ngenteni udan nganti terang wae lagi budhal mulih mungguh. Ratri sajake kesel tenan. Bubar mimik wedang teh anget banjur keturon nang sofa. Hermanu alon alon nyopot sepatune, uga blazer, njur dipapanke sing kepenak nang sofa dawa iku. Ora lali digolekke kemul nggo nutupi Ratri sing turune katon angler. Arep nggugah ora tegel dheweke. Jane ben bubuk nang kamar wae, ana sakwetara kamar sing kosong. Dheweke banjur mbukak komputer , nyicil gaweyan sing durung rampung mau. Sedhela sedhela mandeng Ratri sing lagi angler nang sisihe. Pancen ayu tenan Ratri, ora ana enteke anggone ngalem senajan mung dibatin. Turu wae ya isih katon anggun, ayu ora kurang apa apa. Rasane dheweke kaya ngeman banget karo wanita sing ditresnani iku. Dheweke mara nang mburi, weling karo pak Sardhon ben nyiapke banyu anget, sak wayah wayah Ratri tangi wis siap.

Bubar nggarap nang komputer, Hermanu pindhah nang ruang ngarep, ndeleng plataran njaba. Udane durung suda blas. Nalika isih cilik, nek udan ngene iki dheweke mesti udan udan nang plataran. Rasane seger banget. Bubar udan udan terus maem, nikmat rasane jaman semana. Rada njembrung sukete nang plataran ngarep. Pindhah ndeleng plataran tengah

karo mburi, kok ya padha wae rada njembrung sukete. Njur ndhawuhi pak Sardhon.

“ Pak Sardhon aja lali motong rumpute ya, wis padha njembrung”

“ Njih mas, jane wis diwiwiti, ning njur mandheg merga ana ula minggu wingi pas di potong rumpute. Mengko nek wis panas srengenge tak terusne. Banyu angete wis siap mas Her, njenengan dhisik wae pa sing siram?”. Herman gage nang kamar mandhi, adus ndhisik nganggo banyu anget. Rasane seger, ilang rasa kesele. Ratri isih angler le bubuk nang ruang tengah. Bubar adus, dheweke ganti pakeyan ngomah, nganggo piyama ben krasa longgar. Terus lungguh nang sebelaha Ratri. Pengin nyetel TV ning lagi udan deres mesthi terganggu salurane.

Udakara sak jam Ratri wis tangi. Dheweke kaget nalika tangi bingung ana ngendi. Apa maneh weruh Hermanu nganggo piyama kuwi.

“ Mas Her, awake dhewe nang ngendi iki? Kok njenengan ngagem piyama?”.

“ Iya iki nang omah Bacira. Udane isih deres banget. Arep ngunjuk teh apa kopi dhisik, apa arep siram dhisik?”.

“Kok rasane kaya adhem kekes ya. Tak ngombe dhisik wae”.Hermanu menyang mburi njaluk pak Sardhon, nyiapke unjukan loro, karo banyu angete.

“ Dhik, iki udane isih deres banget, aku ragu nek terus mulih. Paling mengko bengi lagi terang. Aku wis ngabari Eyang, nek lagi leren nang Bacira. Sliramu mbok matur ibu



karo bapak, nek lagi istirahat nang kene, ben ora dadi pikiran”. Ratri gageyan kirim whatsapp marang ibune, ngabarke nek lagi leren, ngenteni nang daleme Eyang Pringga sing nang Bacira. Mungkin wengi lagi terang. Jawabane ringkes, iya ndhuk sing ati ati ya. Hermanu nang kono tha?

“Wis ngabari ibu mas. Ora apa apa didhawuhi ngenteni terang dhisik. Percaya nek karo njenengan”.

Ratri banjur adus dhisik. Salin nggo pakeyane Hermanu sing nang lemari. Rada kegedhen sithik jane. Ning ya ora apa apa wong kahanan darurat. Bubar adus banjur padha jagongan nang ruang ngarep karo ngombe panas lan nyambi nyamikan emping. Wis nyedhaki maghrib, udane isih deres nggrejih. Hermanu kirim whatsapp nang Eyange, nakokke lagi ngapa, udane isih deres banget nang Yogja. Nang Semanu ya udan rada deres, Eyang Pringga mentas rembugan suwe karo Sumi jarene. Pesene cekak, “Kono kudu ketemu Sumi ngger, ana sing perlu dirembug. Nek ora isa bengi iki ya sesuk wae. Sing perlu slamet”. Hermanu karo Ratri nang ruang tamu padha caturan alon alon, ora gita gita kaya sabene, merga was was ngadhepi udan deres iku. “Jeng, nek udane ora terang, bubuk kene wae piye sliramu?. Ana kamar kosong, ora perlu kuwatir”. “Iya mas, mengko bubar magrib tak kirim kabar karo ibu, nek isih udan. Bubuk nang kene ya ora apa apa aku.” Hermanu unjal ambegan karo ngrangkul Ratri seka mburi. Ratri ora suwala, rumangsa tentrem banget rasane nang rangkulane Hermanu.

“Maem bengi mengko apa jajan metu wae ya?”

“Ora susah metu, mengko tak takon Sardhon

ana bahan apa nang mburi. Masak bakmi ya isa, apa tuku nang cedhak stadion kono, ben pak Sardhon sing metu”. Ndungkap jam setengah pitu udane durung leren. Ratri kirim pesan whatsapp nang bapak ibune.

“Rama ibu, Yogja isih udan deres. Ora wani mulih wengi iki. Sesuk esuk nek wis terang wae. Nyuwun palilah, dalem bubuk nang daleme Eyang Pringga nang Bacira karo mas Hermanu”. Sedhela maneh wis ana balesan seka ibune

“ Sing ati ati ya ndhuk, jaga dhiri”. Wong loro banjur nang ndhapur nyiapke maem bengi. Pak Sardhon wis ngliwet. Nyeplok endog karo gawe mi goreng. Cepet rampung terus dha maem bareng. Nikmat isa bareng maem wong loro. Hermanu wis biasa masak. Nang Jakarta mesthi masak dhewe. Bubar maem padha rembugan nang ruang tengah, Pak Sardhon wis nyiapke kamare Hermanu karo kamar tamu siji maneh. Sardhon durung tuwa umure, udakara isih seketan. Asring mijeti Rama Pringga karo Hermanu. Bengi iku dheweke nawani apa Hermanu arep pijet.

‘Iya ora apa apa sedhela wae pak Sardhon’. Ratri mung nonton TV nunggu Hermanu pijetan nang kamare. Dheweke manggon nang kamar tamu sebelah kamare Hermanu. Krasa ngantuk, Ratri mlebu nang kamare, arep leleh leleh karo ngenteni Hermanu. Ana tempat tidur loro nang kamar iku. Ning rasane wedi dheweke nang kamar iku dhewekan. Bubar dipijeti Hermanu nggoleki Ratri nang kamar tamu. Ratri isih durung turu, mung kethap kethip.

“ Mbok sare kene wae mas, ana tempat tidur loro kok. Aku wedi dhewekan nang kene”

“ Ya ora apa apa dhik aku mengko mapan kene”.



“Ora susah mengko lah. Saiki wae karo isa ngobrol nang kene”. Sak durunge turu, Hermanu mijeti sikile Ratri. Jare krasa kesel. Dipijet alon alon. Ora suwe Ratri wis kebacut turu. Hermanu mbenakke kemule Ratri karo ngesun kanthi mesra, terus mapan nang tempat tidhur sijine.

Wis jam setengah enem nalika Hermanu tangi. Tangi merga krasa ana tangan sing ngrangkul dheweke. Ratri sing ngrangkul lan semendhe nang dhadhane. Rasane tentrem banget. Senajan ana pepenginan nang njero atine, ning isa ditahan. Anane mung rasa tentrem, seneng, nyaman cedhak karo wong sing ditresnani. Bubar adus banjur padha sarapan. Pak Sardhon dijaluki tulung tuku gudheg nang cedhak stadion. Jam pitu wis glyak glyak mulih. Mulih kanthi ati seneng loro lorone. Mbayangke mbesuk nek isa urip bareng.



- BAB 9 -

*Isih Ana
Tembe Mburi*







Lakune seka Yogja teka Wososari lancar. Langite padhang resik tanpa kasaput mega. Ora udan ora mendhung. Kaya kahanan atine wong loro, Hermanu karo Ratri, padhang atine tanpa beban rubeda. Sisa sisa udan gedhe wingi sore tekan mbengi mung ninggal tandha seka akehing gegodhongan lan pang witwitan sing padha gogrok keli nang ndalan. Hermanu karo Ratri alon alon nlusur dalam Jogja Wonosari kanthi ati sing seneng angrembaka kebak wewayangan endah nggo tembe mburine. Tangane Ratri tanpa sadhar kerep ngelus pundhake Hermanu. Mratandhani rasa tresna sing ikhlas tanpa mikir untung lan rugi. Mung ana rasa sayang, cedhak, pengin bebarengan sak lawase.

“ Iki mengko langsung tak terke mulih wae ya dhik. Aku ya arep matur rama ibu. Kahanan darurat kudu nginep Yogja. Tetep wutuh tanpa cacat, ora ana sing owah”.

“Iya mas Her, ning ya ana sing owah jane. Aku rumangsa pasrah saiki. Suwala pengin ngancani njenengan sak lawase. Rasa trenaku ora isa kawedhar nganggo tetembungan. Aja ninggal aku ya mas”.

“Padha karo aku. Muga muga dalane padhang neng tembe mburi ya dhik. Wong loro awake dhewe bakal mlaku bebarengan sak lawase”. Tekan panggonane Ratri udakara wis jam sanga luwih. Gageyan Hermanu mudhun seka mobil, nggandheng Ratri, marani Rama Ibune Ratri.

“Rama Ibu, nyuwun pangapunten ingkang tanpa upami. Kahanan wonten jawah prahara, mboten saged wangsul tulak”. Rama Hario karo bu Hario, padha legane, pirsane nek Ratri wis teka, ora kurang sawiji apa.

“Ora apa apa nak Her, lha wis piye wong ya jenenge alangan. Kabeh wis diparingi slamet”. Cepet cepet Hermanu nuli nyuwun pamit. Ratri ngeterke tekan mobil, nggegem tangane Hermanu kenceng banget. Hermanu pengin ngrangkul karo ngaras lambene Ratri sing menger menger iku, ning mung ditahan, mundhak gawe kagete rama ibune.

Sedhela maneh wis tekan pesanggrahan ing desa Semanu. Mobil dipapanke nang garasi, nang iringan, banjur dheweke mlebu liwat pendhapa. Eyange lenggah nang kursi tamu karo priyayi putri, sing dheweke tau cedhak banget. Mbak Sumi. Sak wise nyalami Eyange, dheweke ganti nyalami mbak Sumi. Ora kewetu tembung mung muni

“Mbak Sum.....”. Wong loro padha rangkulan karo sesenggrukan. “Wis dadi pria dhewasa, adhiku Hermanu... Gagah, nggantheng kaya Gatutkaca . Jan pangling aku”.



Hermanu babar blas ora lali karo Sumi. Wanita sing ngganti Eyang Larasati, momong dheweke rikala isih cilik. Weruh Sumi kaya weruh bayangane ibune sing lamat lamat sok mampir nang batine. Mula dheweke ora isa nahan emosine rikala ketemu Sumi. Ora akeh bedane karo pas isih nang Bacira kae. Mbak Sumi gawane tetep katon ayu, luwes, mung rambute wis semburat putih. Sumi awan mengko kudu mulih nang Pracimantoro, soale ninggal anak dhewe nang ngomah mau bengi. Anake lanang, Slamet lagi umur 12 tahun, kelas enem sekolah dhasar nang ngomah dhewekan. Mung dikancani tanggane, kancane dolan.

“ Hermanu, lereña dhisik nang mburi kana. Aku ya pengin omong karo kono ya. Ana prekara wigati sing awake dhewe kudu omongan dhisik”.

“ Njih Eyang, aku tak wisuh dhisik. Kosik ya mbak Sumi, aku tak mundur dhisik. Jane nek ana wektu pengin ngenalke mbak Sumi nang pasanganku Ratri. Lagi tepung durung ana seminggu iki”.

“ Iya ora apa apa, mangga disekecacke mas Her. Lagi tepung seminggu? Kok cepet temen ya?”. Bubar reresik rai karo tangan, Hermanu marani Eyange. Rama Pringga wis lenggah nang ruang tengah. Banjur ngawe Hermanu diajak mlebu kamar sareyane.

“ Mlebuwa rene Her, tak omongi sedhela wae”.

“ Lega atiku kono wis mulih karo Ratri. Mau bengi mung senak senik atiku mikir kono. Ratri ora apa ya?”

“ Ratri ora papa Yang, mau terus tak ampirke nang omahe. Aku ya matur rama ibune, nyuwun pangapura ora isa

tulak wingi”.

“ Iki ngene ya Her, aku pengin mbat mbatan karo kono. Waris ku kan mung kari kono, siji sijining putu. Aku mau bengi wis nakoni larah larahe Sumi, kok mulih tanpa kabar rikala semana. Dheweke crita werna werna. Bapak karo emake wis ora ana. Dheweke urip karo anake lanang, kelas enem sekolah dhasar”.

“ Injih yang. Aku durung sempat omong akeh karo mbak Sumi. Kersane eyang piye?”

“ Sak pungkure bapak ibumu, banjur Eyangmu putri, Sumi sing momong kono, wiwit cilik nganti gedhe tekan esema. Aku bareng krungu critane ya isa nampa. Dheweke jaman semana ya kudu melu mikir bapa biyunge nang ndesa. Bapa biyunge wis ora ana kabeh. Wis suwe. Sumi ditinggal bojone wiwit anake isih cilik jarene. Wis pisahan. Dheweke jaman semana pas isih nang Bacira wis tak anggep kluwarga dhewe, anakku dhewe. Mesakke ngrungokke critane. Uripe saiki isih kedlarung dlarung. Manggon isih ngindhung nang omahe sedulure”.

“ Injih Yang kok sengsara nemen dheweke. Awake dhewe wis kepotangan budi ora sithik karo mbak Sumi”.

“ Mula karepku ngene, nek kono nyatujoni. Sumi karo anake, dikukup wae. Ben nang Semanu apa nang Bacira, ben dheweke sing milih. Panggonanku isih jembar”.

“ Sarujuk banget Eyang. Mbak Sumi isih enom, karo anake isih duwe tembe mburi. Lha dheweke wis dingendikani durung?”

“ Kowe ki piye ta Her, ya durung ta. Aku kudu omong karo kowe ndhisik. Nek kono setuju, mengko diomongi wong loro. Nek aku sing omong mbokmenawa dheweke curiga”.

“ Wong kabeh duwe pepenginan ngadeg dhewe mandiri Yang, dheweke apa gelem ndherek Eyang?”

“ Dheweke nganti saiki bakulan nang pasar jarene. Nek kepengin neruske ya isa wae nang Semanu kene, apa nang Bacira, golekke modhal sithik”. Awan iku Rama Pringga, wayahe Hermanu, karo mbak Sumi padha rembugan karo dhahar awan. Sumi rada kikuk jane. Ning bareng karo Hermanu, bocah momongane rikala cilik, ilang rasa pekwuhe. Rampung dhahar awan, isih padha lungguhan nang meja dhahar.

“Aku karo Hermanu pengin omong sithik karo kono Sumi. Pindhah nang ngarep kana yo ben rada enak le rembugan”. Banjur pindhah nang pendhapa. Ana kursi tamu nang pojok. Ben ora dirungu liyan le rembugan, Ali karo Tini.

“ Iki ngene ya Sum. Aku mentas rembugan karo Hermanu iki. Wose aku karo Hermanu, njaluk mbok wis kono karo anakmu pindhah rene wae. Anakmu, sapa jenenge mau, isa sekolah nang kene apa nang Yogja”.

“ Anak kula namipun Slamet, nembe umur kalih welas tahun, sakmenika taksih wonten sekolah dhasar kelas enem. Menapa kula kaliyan thole malah mboten ngrepoti?”

“ Aja kadohan le mikir mbak. Mbak Sumi karo Slamet paribasan, dadi tanggungane Eyang. Nek pengin neruske le bakulan, isa dipikir mburi. Sing penting sarujuk ora, nek sarujuk lagi di rancang mengko thethek bengeke”, Hermanu

melu nyela rembug.

“ Matur nuwun sanget Rama kaliyan mas Her, panjenengan sedaya taksih kersa menggalih kula. Kula pengin sanget kados wingi uni rikala taksih wonten Bacira. Ananging nuwun sewu kula kedah nanging thole rumiyin”.

“ Iya aku ngerti. Iki ya kanggo tembe mburine anakmu barang. Mengko ben diterke Ali nek bali nang Pracimantoro”.

“ Yang nek pareng aku tak melu ngeterke mbak Sumi ya. Ora patia kesel, tur sing nyopir kan pak Ali”.

“ Karepmu Her nek ora kesel. Karo isa crita tuntas karo Sumi kono. Sumi endang tata tata kana ndak selak sore”

“ Sepindhah malih dalem atur panuwun dumateng Rama dalah mas Hermanu, kersa menggalih kula kaliyan thole”. Ora lali Rama Pringga maringi sangu kanggo Sumi, embuh pira. Sumi mung bisa ngaras astane Rama Pringga, ngaturke panuwun.

Pak Ali dikancani Hermanu sidane ngeterke Sumi mulih nang Pracimantoro. Sumi ora leren le crita sejarah dheweke mulih nang ndesa jaman semana. Simake lara nemen, bapake ya wis tuwa ora duwe apa apa. Lemahe sing ora sepiroa kepeksa didol nggo nambakke emake. Ora isa ketulungan simake kapundhut dening Gusti. Dheweke kari karo bapake. Bapake pirang pirang sasi banjur lara, wis ora kuwat nyambut gawe nang tegal. Dhuwit sisa dodol lemah entek nggo nambakke. Bapake kapundhut Gusti sakwetara sasi sakwise emake. Sumiati banjur omah omah karo pria tangga desa, jenenge Wandu. Nganti anak anak siji. Nalika bayine umur nem sasi, Wandu pamit lunga. Jare arep bara

nyambut gawe nang Jakarta. Sesasi rong sasi isih kirim dhuwit nggo anake. Ndungkap nem sasi wis mandheg ora ana kabar. Ganep setahun bali nang ndesa kok malah wis nggawa sisihan anyar. Sumiati ora isa apa apa. Banjur pisahan. Dheweke nyandhak gaweyan sak kecekele. Nanging nang ndesa ora akeh lowongan nyambut gawe. Mula njur bakulan wae nang pasar. Pasar Pracimantoro. Bakulan cilik cilikan, bumbu dhapur. Manggone cedhak kono, ngenggoni omahe sedulure sing nganggur.

Tekan omahe Sumiati wis sore, bubar azar. Anake Slamet nang omah karo kancane. “ Aku terusan ya mbak, ora isa suwe suwe. Mau lagi wae mulih seka Yogja. Dhawuhe Eyang, kok pikir tenan ya mbak. Aja mikir pekewuh barang. Thethek bengeke mengko keru wae. Kalodhangan ora bakal teka ping pindho”.

“ Matur nuwun dhimas Hermanu. Tak estokke mengko tak nanging thole Slamet. Aku nang kene ya panggah ngene wae, ora ana perkembangan”. Ora lali Hermanu menahi amplop nggo Sumiati. Kanggo anake si Slamet ujare. Eyang Pringga mesthi ya wis paring dhewe nggo mbak Sumi. Muga muga Sumiati gelem nyetujoni usule Eyang Pringga. Isih ana wektu nggo mlangkah ndandani lelakon. Lelakon urip ora isa diputer mundur kaya jarum jam.



- BAB 10 -

*Anteping
Rembug*





Kaya adat saben sore iku Rama Pringga lenggahan nang pendhapa nyawang endahe sesawangan ing perenging gunung. Langit sisih kulon kasaput sorot srengenge semburat abang. Batine ngambra ngambra kelingan kedadeyan sing uwis kliwat. Bareng nguningani sesambungane Hermanu karo Ratri, kaya kaya dielingake menawa lakuning urip wis meh tekan pungkasan, tekan titi wanci. Ora isa diselaki, kabeh menungsa mesthi tekan pepesthen pungkasan. Rama Pringga uga rumangsa mantep bareng mirsani dhewe Ratri, lan sapa Ratri.

Hermanu siji sijining wayahe sing ana. Ateges sing bakal neruske garis keturunan ing tembe mburi. Wis wayahe Hermanu diweruhi lan dipasrahi tugase. Ping pindhone sesambungan antara Hermanu karo Ratri kudu disengkuyung dening keluwarga. Ora patut mlaku dhewe amarga loro lorone wis padha mantepe tur duwe keluwarga. Dheweke ya pengin masrahke apa sing diduweni nang donya iki marang wayahe. Prosese sok rada dawa lan rumit ora gampang. Timbang wayahe mengko kangelan ing tembe mburine. Bandha awujud omah karo lemah, ora akeh ning ya ora sithik, pengin dihibahke wae marang wayahe. Sing kangelan le ngurusi, apike di dol wae, ben isa di gunakke sak apik apike. Uga simpenan penganggo tinggalane Larasati karo almarhum Rio lan Siska. Ben diopeni Hermanu karo Ratri wae. Hermanu lagi wae mulih seka Praci, melu ngeterke Sumi awan mau. Lagi bubar adus, banjur ditimbali.

“ Her, putuku aku pengin omong karo kowe ya le. Lungguha kene”.

“ Injih eyang, ana apa kok sajak wigati nemen ?”.

“ Ora apa apa kok ngger, ning ana sing kudu tak rembug karo kono. Siji prekara sesambunganmu karo Ratri. Nek kono sakloron wis mantep, kudu dipangestoni wong tuwa, saka pihak keluwarga loro lorone. Kaping pindhone, aku wis tuwa. Ora isa mesthekke kapan ditimbali Sang Pangripta, embuh esuk, embuh sore. Mula kabeh deduwen perlu tak rembug lan wiwit tak pasrahke kono. Ora perlu kesusu, ning kudu diwiwiti”.

“ Dalem ndherek apa pamundhute Eyang wae. Aku ya ora saben dina isa ndhampingi Eyang”.

“ Ya wis nek ngono. Sak durunge kono karo Ratri mulih nang Jakarta, aku pengin tepungan karo bapak ibune Ratri. Paling ora wong tuwa wis padha ngerteni, nyarujuki lan mangestoni sesambunganmu wong loro”

“ Apa ora ndadak banget Yang ? Kan tegese kudu sesuk ta?”

“ Ora ana tembung dadakan le, kabeh manut isyarat alam. Kan butuhe ya mung aku karo bapak ibune Ratri, awakmu karo Ratri. Ora usah nggawa keluwarga kana kana. Aku ya mung dhewe wae karo kono. Mula bengi iki rembugen karo Ratri, nek sesuk sore awake dhewe arep dolan nang daleme bapak ibune Ratri”.

“ Injih Eyang, bubar iki aku tak tilpun Ratri”.

“ Barang tinggalane bapak ibumu karo eyang mu putri kang awujud perhiasan tak pasrahke kono karo Ratri ya le. Tulung kok openi wong loro. Ana sing kudu dilestarekke disimpen sakteruse merga kuwi barang warisan kagungane simbah simbah dhisik, aja nganti keliya. Ana barang barang

koleksi sing sak wayah wayah isa didol nek lagi ana kebutuhan”.

“ Njih Yang, terus tak simpen nang ngendi ya? Upama ben nang kene dhisik piye Yang?”

“ Sak karepmu apike piye. Barang barang warisan turun temurun isa kok simpen nang kene. Ning barang barang koleksi gawanen wae, simpen nang bank kan gampang. Sak wanci wanci isa kok lengserke nek ana kebutuhan mendhadak”.

Setengah bingung Hermanu banjur nyoba ngontak Ratri. Wose ngandhani nek sesuk sore Eyang Pringga pengin nemoni bapak ibune. Ratri rada kaget, senajan atine rumangsa seneng. “ Iya mas aku tak matur Rama Ibu. Mesthi ya rena banget bapak ibu, ketemu Eyang Pringga”.

“ Eyangku sok dadakan yen ana kekarepan. Ya aja kaget bapak ibu ya. Bubar dhahar bengi Eyang Pringga isih ngajak Hermanu rembugan. Kabeh deduwene sing awujud tanah dijilentrehke karo nduduhke surat surate.

“ Ora akeh kok le, ning nek ora diurusi ya isa ilang karepe dhewe. Jaman saiki kerep ana srobot srobotan. Kadhankala sing nduweni hak isa kalah nang pengadilan. Aja nganti awake dhewe ngalami, wong iki ndhisike ya tuku nyelengi seka sethithik”.

Sakliyane omah nang Bacira lan pesanggrahan nang Semanu, Eyang Pringga isih kagungan sawah, pekarangan utawa tegalan, nang tlatah Bantul karo Kulon Progo. Surat surate kabeh diweruhke nang Hermanu. Uga ana peternakan nang tlatah Sleman, sing isih aktif, ana sing ngurusi laporan pendhak wulan. Kuwi tanahe ya kepara rada amba senajan

nang pelosok adoh seka padesan. Uga usaha perumahan nang Klaten karo nang Wonogiri, ana pengelolane

“Ora sah kesusu, ning surat surat iki mengkone kudu kok cekel ya le. Saben tahun bayar PBB we urusane sok mbingungke”.

“ Bengi iki aku pengin ndudukke, ali ali tinggalane Eyang mu putri karo bapak ibumu. Loro lorone cekelan dhewe ya”. Hermanu mung isa ngestokake dhawuhe Eyang. Bengi iku Ratri tilpun. Kepera seneng karo gita gita.

“ Mas Her, sesuk enake jam pira ya ?”

“ Digawe sareh wae wong mung aku karo eyang. Paling di terke pak Ali. Kira kira jam papat wae. Isih akeh sorot srengenge. Aja kaget mengko nek Eyang sok kagungan kekarepan dadakan”.

“ Mas Her, upama njenengan sela, piye sesuk esuk mlaku mlaku wong loro awake dhewe”.

“ Iya tak usahakke, sesuk esuk jam enem ”.

Ratri wengi iku mung klisikan nganti wengi. Atine bombong banget amarga Eyang Pringga arep tindak nang omahe nemoni bapak ibune. Bapak ibune ya wis diaturi padha nyarujuki. Mung rada kaget, arep ngundang sedulur sedulur cedhak wis ora sempat maneh. Ora dadi masalah, jaman saiki ora sah tharik tharik acarane. Sing penting isi lan apa sing dituju kelakon. Dheweke kangen banget karo Hermanu, sak durunge ketemu karo Eyang, pengin banget ketemu Hermanu dhisik. Ben isa nggegem tangane, ngelus lan sumendhe nang bahunne Hermanu. Ketok ketoken nek

pas dirangkul Hermanu kae. Muga muga langgeng sak teruse.

Sesuke tangi turu Hermanu gage gage siap siap nang nggone Ratri. Nyuwun pamit Eyange, mung di wangsuli ben diterke Ali wae ya ?

“ Pak Ali isih sibuk resik resik Yang. Tak dhewe wae wong mung sedhela kok”. Tekan panggonane Ratri, dheweke wis siap ngenteni. Bapak ibune isih nang ruang mburi.

“Terus wae mas Manu, aku mau wis pamitan Bapak ibu”. Mobile ditinggal nang pelataran panggonan parkir. Wong loro mlaku runtung runtung menyang dalam gedhe, karo tuntunan. Wektu kaya ngono iku sing diantu antu Ratri, tuntunan wong loro karo Hermanu. Ati tentrem lan mantep. Mlaku wong loro sak dawaning trotoir karo crita. Esuk iku isih sepi. Ning batine wong loro iku kebak pangentha entha, kebak impen nggo tembe mburi. Bareng tekan pertelon, Hermanu karo Ratri, mampir nang warung makan gudheg. Mung warung lesehan, ning akeh sing dha jajan mrono. Wong loro milih lungguh nang pojok. Ratri mepet anggone lungguh karo nggegem tangane Hermanu.

“ Mas Her jane Eyang kok kaya kesusu ki ana apa ta?”

“ Ora ngerti dhik, ben wae ditut kersane Eyang angger realistik wae. Wengi ngendikane wong wis yuswa, ben lek rampung sanggane ngono. Malah aku ya diparingi weruh dokumen dokumen sertifikat lan pengagem tinggalane Eyang Putri karo bapak ibu. Didhawuhi nyimpen karo ngrawat aku karo kono”.

“ Bapak ibuku durung tau ngendika kaya ngono mas”.

“ Ya wis ben ora apa apa. Aku isa mbayangke sanggane Eyang nggedekke aku seka cilik. Bareng nyipati sesambunganku karo kono kok kaya kaya njur semangat kae”.

“ Sok kleru nek nimbali aku, Siska. Eyang ketoke sayang banget karo almarhum bapak karo ibu ya mas. Aku kok rada dheg dheg ya mas. Muga muga mengko sore lancar”.

“ Yo enggal enggal mulih wae, mundhak digoleki bapak ibu. Ora sempat mlaku mlaku mubeng mubeng dhik”.

“ Aku wis mantep isa ketemu njenengan, rasane ayem tentrem nek jejer karo mas Manu. Mau bengi ketok ketoken pas njenengan rangkul kae”.

“ Iya mengko sore kan ora isa mesra mesraan wong ana Eyang karo bapak ibu. Suk di katogke nek wis nang Jakarta”.

“ Aku mbayangke nang Jakarta bakal padha sibuke mas. Mungkin mung ketemu akhir pekan wae, kala kala. Aku ya kudu kerep nang lapangan sajake nggo proyek anyar iki”.

Hermanu karo Ratri enggal enggal mulih. Ora lali tuku gudheg digawa mulih kanggo bapak ibune, karo mas Rahadian, mbak Sita karo putrane. Hermanu ora isa suwe suwe merga dienteni Eyange neruske le rembugan mau bengi. Sakwise ngeterke Ratri, cepet cepet pamitan mulih. Pak Hario karo bu Rina, ora ndangu akeh akeh. Mung ngabarake Eyang wae.

“Eyang Pringga rak sehat sehat wae ta mas Manu”.

“ Injih sae sae kemawon bapak ibu. Mangke sonten badhe tindak mriki”.

“ Iya aku wis di wenehi weruh adhimu Ratri. Seneng

banget piyambake kersa tindak mrene.

Esuk iku Hermanu karo Eyang mriksa dhokumen dhokumen kepemilikan lahan. Seka siji diperiksa lan dicatheti. Ijin perusahaan, uga perjanjian perjanjian karo sing ngurusi mau. Kudu diperpanjang nek arep kadaluwarsa. Ya ora ana apa apa, ning mung nggo jaga jaga wae. Eyang Pringga percaya karo kabeh sing kajibah ngopeni lahan lan usaha mau. Ananging merga kerep ana selisih antarane pemilik karo pengelola lahan apa usaha, mula kabeh digawe perjanjian resmi notaris. Peternakan nang tlatah Bantul lan Sleman sing asete rada gedhe. Wis ngadeg mataun taun wiwit isih ana Bacira dhisik. Uga ana perumahan nang Klaten karo Wonogiri sing lagi madeg patang taun iki.

Hermanu uga diparingi weruh perhiasan tinggalane ibune karo tinggalane Eyang Larasati. Krasa ngungun dheweke meruhi mau. Mbokmenawa ana wong sing sok emoh ngurusi utawa mikir perhiasan warisan wong tuwa, ning kabeh mau dadi amanah kanggone sing enom. Kudu isa ngrumat lan nyimpen kabeh tinggalane wong tuwa. Eyang Pringgaya ora akeh ngendikane, sajake ya batine ngambra ambra. “ Kabeh iki mengkone tak pasrahke kono Her karo Ratri. Kok openi sing tenan, iku barang turun temurun. Warisan keluarga”.

Jam setengah papat Rama Pringga, karo Hermanu, didherekke pak Ali, alon alon nuju kutha Wonosari. Rada rame soale dina prei, akeh wisatawan njaban rangkah, padha teka nang tlatah Gunungkidul. Kudu sabar soale dalan dalan dadi rame, mlaku alon alon. Para wisatawan sing teka mau gawe regeng lan nambah penghasilane pendhudhuk Gunung Kidul. Mula pamarentahan Kabupaten tenanan le mbangun

prasarana umum, klebu keamanan warga.

Tekan panggonane Ratri, Rama Pringga dipapag dening pak Hario karo bu Rina, nang ngarepan. Uga ana mas Rahadian, mbak Sita karo putrane Seta sing lagi umur patang tahun. Langsung diaturi lenggah nang ruang tengah sing jembar. Bapak ibu Hario manggakake tamune kanthi grapyak. “ Matur nuwun sanget rawuhipun Eyang Pringga. Kula sak brayat rumaos kinormatan kerawuhan panjenengan”.

“ Dhimas Hario sekaliyan, aja ngono lah. Aku semono uga. Rumangsa seneng dene panjenengan kersa nampa tekaku karo putuku Hermanu. Pancen aku sing njaluk ben isa ketemu panjenengan sekaliyan, sak durunge Hermanu karo Ratri padha bali nang Jakarta”.

“ Injih kangmas Pringga, lumintu saking nakmas Hermanu kaliyan Ratri, kita saged sesambetan pasedherekan wiwit wekdal menika”.

“ Iya dhimas iki mau putuku Hermanu wis tak tanging, piye sesambungane karo putrimu Ratri. Jare wis mantep, cocok, pengin dha mbangun urip mbesuke. Nek wis padha mantepe, ya kita sak dermo mangestoni wae”.

“ Injih kangmas Pringga. Sedaya wau kita pasrahaken dhateng lare kekalih kemawon, ingkang badhe nglampahi”. Bu Rina uga nambahi “ Menawi sampun sami mantepipun, kula sakloron kaliyan kangmas Hario njih namung saged nyengkuyung kemawon”.

Rada kendel sak wetara. Hermanu karo Ratri mung tumungkul wae. Ora ngucap apa apa. Sok sok unjal ambegan. Bu Rina ngaturi padha ngunjuk lan ngrahabi nyamikan sore.



Sakwetara banjur Rama Pringga sing miwiti.

“ Iki ngene dhimas Hario sekalian. Rada beda karo adat saben. Mumpung nang ngarepe awake dhewe minangka wong tuwa. Ben wae bocah loro iku, Hermanu karo Ratri, matur dhewe blaka suta karepe piye tumrap sesambungane”

“ Hermanu karo Ratri, tak jaluk kono sakloron isa matur blaka suta apa karepmu tumrap sesambunganmu wong loro. Iki mumpung ana rama ibu Hario karo aku nang kene”.

Hermanu mung tumungkul ora isa matur apa apa. Raine mbrabak, unjal ambegan bola bali. Nyipati kahanane Hermanu kaya ngono, Ratri banjur matur kanthi teges, senajan ya karo unjal ambegan.

“ Eyang ingkang kula bekteni, kaliyan rama ibu ingkang kula sayangi. Kula kaliyan mas Hermanu, sampun madhep mantep badhe gesang sesarengan ngantos sak laminipun. Kula pengen ndhampingi mas Her rikala kahanan sisah lan rena. Sampun dados antep kula kekalih”. Bu Hario rasane trenyuh diaturi putrine kaya ngono mau. Semono uga Eyang Pringga karo pak Hario. Sak wetara kendel ndhisik. Banjur Rama Pringga ngendika.

“ Her, kowe krungu dhewe ature pasanganmu Ratri. Saiki kono piye. Matura nang Bapak ibu Hario karo eyangmu”.

“ Kasinggihan Eyang kaliyan Rama Ibu Hario, leres ingkang dipun aturaken Jeng Ratri. Kita kekalih mboten saged pisah malih. Pengin sesarengan gesang sak laminipun”.

Hermanu karo Ratri loro lorone banjur di rangkul

Eyang Pringga, karo bapak ibu Hario. Swasana dadi sidhem, kaya larut nang perasaane dhewe.

“ Dhimas Hario karo jeng Rina. Aku rumangsa seneng banget dene Hermanu karo Ratri wis padha mantepe. Aku mung dherek titip putuku kok rengkuh kaya dene putramu dhewe. Semono uga Ratri bakal tak anggep putuku sing tak sayangi. Aku seneng banget Hermanu wis ana sing ngancani saiki”.

“ Matur nuwun sanget kangmas Pringga. Sinaosa nembe sekedhap anggenipun sawung, kula sakloron ugi rumaos remen sanget dene Hermanu kaliyan Ratri sampun madhep mantep badhe gesang sesarengan.”

“ Nuwun sanget dhimas Hario sekaliyan. Ora ndhisiki aku tak menehke tinggalane sisihanku Larasati marang Hermanu karo Ratri ya. Sakdermo nglaksanani penjaluke almarhum pas arepe ora ana ndhisik ?”

“ Sumangga Kangmas, kadamel entheng kemawon. Kula ndherek remen. Mugi mugi lancar sak laminipun”.

Rama Pringga banjur ngetokke kothak cilik seka tas cangklong sing biasa diasto karo ngendika.

“ Putuku Hermanu karo Ratri, iki barang ora sepiroa, tinggalane Eyangmu Larasati, openana lan nggonen wiwit dina iki ya. Sepasang cincin le yasa wis luwih seket taun kepungkur”

Anasepasang cincin emas putih sepasang, dihiasi butiran berlian sing endah banget diparingke marang Hermanu karo Ratri. Ganti ganti Hermanu karo Ratri masangke ali ali mau nang driji manise pasangane. Rama Pringga manjur ngendika.

“ Kuwajibanku momong putuku wis meh rampung. Ratri kancanana kangmasmu Hermanu kanthi tresna sing asih ya. Sing padha rukun. Semono uga kagem dhimas Hario karo Jeng Rina, aku nyuwun panjenengan sekaliyan sing tresna karo pasangan Hermanu karo Ratri. Aku wis krasa lega lan lila wektu iki”

”Injih kangmas, kula kaliyan ibunipun lare rumaos remen sanget sonten menika. Tamtu kula tansah badhe ngawat awati lampahipun Ratri kaliyan mas Hermanu kekalih”. Ora kedawa dawa, Rama Pringga karo Hermanu, terus pamitan. Metu nang pelataran didherekke mas Rahadian karo mbak Sita dalah putrane Seta. “Matur nuwun mas Rahadian lan mbak Sita, sing ati ati le momong putrane ya. Dhisik Hermanu ya sak Seta iku nalika ditinggal wong tuwane”.

“ Nherekaken Rama Pringga. Ngatos atos ugi”. Rama Pringga wis lega, kaya sanggane wis suda akeh. Hermanu wis ana sing ndhampingi, wis ana sing melu ngawat awati. Madhep mantep tekan tembe mburi ing mbesuke.



- BAB II -

*Lakuning
Katresnan*





Esuk iku Hermanu ngampiri Ratri budhal menyang bandhara. Bandhara anyar ing Kulon Progo. Diterke pak Ali. Ora sempat mampir omah Bacira, amarga metu dalan jalur sisih kidul, nlusuri pesisir kidul. Dalane isih sepi, gilar gilar. Rama Pringga ya ngersakke ngeterke nang bandhara. Pengin mirsani bandhara anyar. Sak dalan dalan ora kendhat anggone ngendikan bab pemandhangan alam sing diliwati. Nek alam bhumi pertiwi lan lingkungan dirumat, mesthi gawe tentreming lan makmuring warga. Budhale mau jam sanga, pesawate jane budhal isih jam loro, mung jaga jaga nek mbok menawa kudu ana tata cara anyar numpak pesawat. Hermanu ora lali kontak petugas keamanan ing apartemene nang Jakarta, njaluk ben unite diresiki dening petugas sing kajibah resik resik.

Tekan bandhara wis rada awan, ning isih ana wektu rong jam punjul. Rama Pringga diajak mudhun mirsani bandhara, karo foto foto. Padha leren nang kantin sedhela, ngunjuk karo maem awan. Rama Pringga katon seneng, pirs menawa ali ali sing diparingke Hermanu karo Ratri wis padha dienggo. Cincin sepasang tinggalane Rio karo Siska almarhum ya wis diparingke Hermanu karo Ratri sisan. Rama Pringga iya mongkog banget atine nyipati nek Ratri raket banget karo wayahe Hermanu. Prasasat sak dalan dalan mung sendhen nang pundhake Hermanu kaya kaya wis emoh pisah wae.

“ Mengko rencanamu piye Her nek tekan Jakarta?”

“ Dalem ngeterke Ratri nang pondhokane dhisik, njur terus balik nang apartemen. Wis tak pesen tak kon ngresiki iki mau”.

“Lha Ratri pondokane adoh seka nggonmu ?.

Nek durung ana kancane nang pondhokan, apike nang apartemenmu wae”.

“Injih Rama, mangke menawi pondhokan taksih sepen mbokmenawi dalem teras ndherek mas Her kemawon. Ajrih piyambakan wonten pondhokan”.

“ Iya ora apa apa Ratri, kudu dijaga sing ati ati ya”.

Bubar maem awan, Hermanu karo Ratri nyuwun pamit eyange menawa arep mlebu check in. Wong loro dha ngaturke salam karo Eyange. Rama Pringga rada semedhot rasane ditinggal bali nang Jakarta sepisan iki. Kamangka ya wis kerep ditinggal mulih Jakarta karo Hermanu, ning pisan iki kok rasane beda. Hermanu dirangkul. Uga Ratri. Kleru maneh le ngucap Ratri, kleru Siska.

“ Dalem Ratri Eyang, sanes ibu Siska” Ratri ngelingke.

“Wah kesleo terus angger ngundang Ratri kok kleru Siska. Apuranen ya ndhuk”. Eyang Pringga enggal nimbali pak Ali, alon alon balik menyang Semanu liwat Yogya, arep mampir dalem Bacira.

Sakwise nglakoni kabeh tatacara sing diperlokke kanggo mabur, Hermanu karo Ratri gageyan tumuju marang anjungan nggo munggah pesawat. Tuntunan sak dawane lurung garba bandhara. Ngenteni sedhela banjur munggah pesawat. Ora patia kebak penumpange. Lungguhe rada dipisah pisah, merga ana pranatan njaga jarak iku. Penerbangan lancar, tekan bandhara Sukarno Hatta isih jam telu luwih sethitik. Hermanu pesen sedhan Silver Bird, ben krasa luwih kepenak kanggone Ratri. Dheweke ngeman banget marang tunangane Ratri. Samar nek mbokmenawa ana sing ora gawe kepenake

lakune. Ratri sak dalan dalan tansah sumendhe nang bahuné Hermanu karo nggegém tangane, kaya kaya wedi pisahan. Hermanu semono uga, mesthi ngrangkul Ratri, katon mesra kaya mimi lan mintuna. Ora suwe wis tekan pondhokané Ratri. Hermanu melu medhun. Ana petugas jagabaya siji nang ngarep, ning pondhokan isih sepi. Omahe gedhe sepi nyenyet. Hermanu melu nggawa barangé nang kamare Ratri. Karepe arep melu ngrewangi tata tata lan resik resik, taksine ben ninggal wae. Ananging Ratri dadakan celathu,

“ Mas Her, aku tak nyiapke salin sing perlu wae ya, terus ndherek nang apartemen. Rada was was aku nang kene dhewe”.

“ Iya ora apa apa nang nggonku wae, aku mengko ya kepikiran ninggal sliramu dhewe nang kene”.Ratri gageyan milih pakaiane dipapanke nang tas cilik. Dheweke rong dina utawa telung dina maneh ya kudu nang lapangan luar kota. Mula sisan wae nginep nang apartemene Hermanu. Akeh wektu isa nggo ngobrol bebarengan. Ora mung tilpun tilpunan. Ora suwe wong loro wis nang mobil Silver Bird, tumuju daerah Kuningan. Ora adoh lan ora ana kemacetan nang ndalan. Hermanu nggandheng Ratri njupuk kunci nang jagabaya. Petugas jagabaya santun banget sikape nang Hermanu.

“ Menika sinten bapa, kula aturi nyerat wonten buku tamu”.

“ Iya pak, iki tunanganku, mbak Ratri, ben nulis buku tamu, ben nulis buku tamu”.

Wong loro terus nang lift munggah nang unite Hermanu nang lantai pitu. Unite sing dienggoni Hermanu ana kamare

loro, lan tambahan senthong pembantu. Ning Hermanu ora tau nganggo asisten rumah tangga. Mung petugas kebersihan wae seminggu ping telu. Unite wis resik mentas wae diresiki. Ambune parfum kembang melati, manda manda ngebaki ruangan. Hermanu nduduhke kamare Ratri.

“ Njenengan istirahat dhisik dhik nang kamar kono. Mengko nek wis siram, golek maem bengi. Arep masak dhewe apa arep nang kantin lantai dhasar wae?”

“Ndherek wae aku, mungkin medhun dhisik tak ndeleng sak kubenging apartemen iki”

“ Iya ora apa apa dhik. Maaf kamare cilik cilik, memang dirancang nggo single, dudu keluarga. Mula aja kaget. Mengko nek arep bubuk, tak urut sedhela ben ilang kesele. Sesuk esuk wis seger maneh”.

Ratri seneng banget rasane, Hermanu ngetokke le gemati karo dheweke. Hmm mbayangke urip kok kaya nang swarga, dheweke ya janji nang batin arep ngasihi Hermanu sak wutuhe, tanpa ragu babar blas. Uripe awit cilik rumangsane kok disayang sapa wae. Rama ibune sayang lan gemati ora ana enteke. Ndilalah ketemu Hermanu lagi sedhela kok ya sayang banget karo dheweke. Jane wis pasrah, wis siap apa wae, senajan Hermanu sajake isih njaga lan ati ati banget. Sedhela banjur adus, banyu anget, seger ilang kesele. Leren nang kamar, lali keturon sedhela. Ngerti ngerti ana rai sing ngaras dheweke, lembut banget. Ooo jebule Hermanu, dheweke terus ngrangkul kenceng banget karo mbales ngarasi Hermanu sak katoge.

“ Ayo medhun golek maem dhik. Ana kantin loro kari milih. Nek arep masak dhewe uga ana toko nang lantai dhasar”.



“ Aku seneng banget mas Her. Kaya wong ngimpi wae. Lagi seminggu tepung kok wis rakete kaya ngene. Ora isa mbayangke nek nganti pisah. Aja nganti ya mas, aku wis ora isa pisah karo njenengan”.

Wong loro banjur gandhengan medhun nang lantai dhasar. Ana kantin loro, sijine masakan Padhang, sijine masakan warna warna. Hermanu usul milih rumah makan Padhang dhisik, soale wis seminggu nang Jawa maem masakan Yogja terus terusan. Hermanu banjur tilpun nang Eyange, ngabarke nek wis teka nang Jakarta ora kurang apa apa.

“ Piye Ratri sidane nang endi?” “ Ratri melu aku eyang, pondhokane sepi ora ana kanca. Mung ana jagabaya siji”

“ Ya sokur nek ngono, lega atiku. Sing ati ati lehmu momong lan njaga Ratri ya. Suk nek wis ora ana pandhemi tak tiliki nang Jakarta”.

“ Njih Eyang seneng banget aku nek ditiliki”.

“ Oo iya Her, kuwi penganggone Eyangmu putri karo ibumu almarhum sing tak pasrahke kowe, duduhna nang Ratri ya. Kok openi sing pener aja nganti ilang”.

“ Njih Eyang, iki mengko tak duduhke dheweke. Sesuk tak simpen nang bank wae ben aman”.

Bubar maem wong loro mlebu nang toko sing sedhia kebutuhan saben dina. Tuku endhog, juice, roti lan sakpanunggalane. Biasane Hermanu nek esuk mung ngombe jus buah, apa buah segar, karo endhog. Semono uga Ratri, ora biasa maem sega nek esuk, dheweke mesthi ngombe susu Pasteur.

“ Dhik aku mentas wae didhawuhi Eyang, kudu nduduhke barang perhiasan tinggalane Eyang Putri karo ibu, nang sliramu. Awake dhewe kudu ngopeni barang barang mau, kagungane Eyang pribadhi, uga ibuku. Apike disimpen nang bank wae ya, nang deposit box”.

Hermanu banjur mbukaki kothak kothak cilik isi perhiasan sing diparingi Eyang Pringga mau esuk. Ana cincin, bros, medaliun, anting anting, ana kalung. Renes kabeh seka watu mulya kelas dhuwur nganggo kerangka emas. Ratri kamitenggengen meruhi barang kaya ngono. Dheweke ya sok weruh kagungane ibune, ning ora lengkap banget kaya kagungane Eyang Larasati. Sebagian warisan keluwarga keraton Solo. Dheweke rumangsa disayang tanpa upama karo Eyang Pringga, uga karo Hermanu pacangane.

Jam setengah sanga, wis mulai krasa ngantuk, pengin leren dhisik. Hermanu nawani, nek wis ngantuk arep dipijet urut ben angler le bubuk.

“ Iya mas, manut aku. Nek wis turu aja kok tinggal ya mas”.

“ Tak tinggal nang kamar sebelah. Tempat tidur e single ora isa nggo wong loro Jeng”.

Hermanu banjur mijeti Ratri alon alon, mulai seka betis, urut seka ngisor nganti tekan pundhak, tuntas kabeh. Ora suwe Ratri wis kegawa nang ngimpen. Impen sing endah banget. Le turu karo mesem. Hermanu banjur lengser nang kamar sebelae. Ora lali ngarasi Ratri sak durunge pindhah nang kamare. Lakuning katresnan pasangan sing lagi nedheng nedhenge nandhang tresna.



- BAB 12 -

*Lakuning
Urip Manekawarna*





Bubar ngeterke wayahe, Hermanu karo tunangane Ratri, Rama Pringga lerem sedhela nang dalem Bacira. Lenggahan nang ruang ngarep. Kelingan jaman nalika isih manggon nang omah iki, karo garwane Larasati, dibantu Sumi momong Hermanu. Penggalihe campur adhuk warna warna. Ya lega ayem dene Hermanu wis ana sing ndhampingi. Ora mung piyambake dhewe. Wis ana Ratri sing banget tresna lan gematine karo Hemanu, uga rama ibune Ratri, pak Hario karo bu Rina, mesthi ya bakal melu ngawat awati lakune urip bareng antarane Hermanu karo Ratri. Tetep wae ana rasa trenyuh nang njero atine menawa kelingan pesenne garwane swargi, aja nganti ninggal lan nglirwakake Hermanu. Wis rumangsa rampung sak perangan jebahane. Ya amarga pesen iku Rama Pringga ora kersa krama maneh sak bubare ditinggal seda garwane. Kabeh kanggo wayahe, Hermanu.

Kadhang kala nang jroning ati sok sambat tanpa sadhar. “Aku kok nampa coban abot banget sakjroning uripku, kelangan anak tunggalku Rio karo sisihane Siska, terus ditinggal bojoku Larasati sing banget tak tresnani, apa ta dosaku nang donya iki? Ngapa kok kudu ngalami lelakon kaya ngene, prasasat diukum sak lawasing urip?”. Kabeh mau banjur dipupus, menungsa mung sakderma nglakoni lelakoning urip. Manut ilining banyu, ngeli ning aja nganti keli.

Rama Pringga banjur saya nglabeti donya spiritual, nyedakke uripe karo sing gawe urip, Sang Pangripta. Nresnani bumi, alam sak isine sarta manungsa sak padha padha. Manungsa dititahke manekawarna, garising urip uga beda beda. Ora isa alam ngatur menungsa kudu kabeh padha, lelakoning urip padha, keyakinanane padha. Apa maneh njur ana sing rumangsa paling apik dhewe, paling bener dhewe nang

alam donya. Liwat keyakinan spiritual Rama Pringga pengin ngajak kelompoke isa ngrengkuh kanthi asih sak padha padha. Uga melu ngrengkuh Bumi Pertiwi sak isine.

Sore iku ana wektu nggo pangandikan karo sing kajibah njaga dalem Bacira, Sardhon. KTP ne jenenge Sardana, ning saben saben dheweke pengin diundang Sardhon, ben ketok gagah kaya bintang film Indhia. Didhawuhi sing temen le ngrumat dalem iku, lan mbabati suket nang pekarangan ngarep karo samping wong wis katon rungkut. Jare Sardhon kapan ana ula dumung mlebu nang pelataran. Mula ya kok resiko, rumpute aja nganti rungkut, marahi ula teka. Aja lali gendheng barang tansah di kontrol aja nganti ana sing bocor nek pas udan. Kahanan sak indering kampung Bacira, saiki temata apik lan katon regeng. Kabeh omah ana sing manggoni, tur ya kabeh temata asri.

“ Kowe ngopeni omah kene wis pirang tahun Dhon. Aku kok rada lali ?”

“ Sampun tigang tahun langkung Rama”.

“ Lha omahmu ki jane nang endi. Terus nang ngomah karo sapa ?”

“ Kula namung celak mriki Rama, wonten kampung Pengok kaliyan simbok kula. Sampun sepuh”.

“ Lha sisihanmu nang endi. Rumangsaku ndhisik kono karo sisihanmu?”

“ Sampun dangu pisahan, dereng gadhah lare, sampun pisah”

“ Ya sing temen wae lehmumu nyambut gawe ya, ben



entuk dalam padhang nang tembe mburi”.

“ Ngestokaken dhawuh Rama. Matur nuwun sanget ”.

Sore iku langite terang, ora mendhung apa dene udan. Rama Pringga balik munggah nang Semanu karo pak Ali. Tekan Semanu wis meh magrib. Terus istirahat nang kamar. Lagi leyeh leyeh ana pesen mlebu seka Sumi, menawa dheweke arep sowan nang pesanggrahan dina sesuke. Bengi iku isih isa tilpun karo wayahe, Hermanu karo pacangane Ratri. Wis dha mapan nang apartemen sing dikontrak Hermanu. Muga muga bocah sakloron dha lancar le ngayahi gaweyan, karo padha rukun le urip bebarengan. Mung kari golek dina sing cocok kanggo ngresmekake le omah omah. Ora isa ngilangi adat, kudu golek dina sing cocok kanggone pihak keluarga loro lorone. Mbokmenawa sakwetara wulan maneh. Alon alon le mikir.

Sumiati

Bubar ketemu karo Rama Pringga lan Hermanu sakwetara dina kepungkur, sing wose dheweke ditawani ndherek maneh nang keluarga Pringgalaya, atine banjur dadi goreng. Mung kanggo alasan wae nek dheweke arep omong karo anake dhisik. Anake lanang mesthi manut wae apa karepe biyunge. Bingunge amarga dheweke ragu apa isa madeg dhewe sakteruse, apa trima ndherek wae ? Ana pepenginan madeg dhewe, lan nyekolahke anake si Slamet, ben uripe ora ngrekasa mbesuke. Mung lamat lamat kelingan Rama Pringga, ngendika nek ora susah wedi merga wis kaya dianggep sedulur dhewe. Isa nyambi usaha mandhiri dhewe. Pikirane ruwet, bingung. Apike tak rembuge maneh karo Rama Pringga, piye genahe. Ora ateges mata bandhanen,

ning dheweke kudu mikir sekolahe Slamet barang. Kahanane dheweke saiki ya durung mantep, isih bantingan dodol bumbu nang pasar. Nganti pirang tahun bakal kasil usahane? Dheweke wis suwe rumangsa dianggep kaya keluwarga dhewe jaman semana, meh 15 tahun ndherek Rama Pringga, momong Hermanu wiwit cilik. Amarga kahanane wong tuwane, sing njalari dheweke mulih nang ndesa. Sesuke Sumi wis teka nang Semanu, nemoni Rama Pringga. Rasane isih wedi arep matur blaka suta kahanane karo Rama Pringga.

“ Seneng aku Sumi kowe bali rene. Mesthine wis kok tari ya anakmu Slamet. Hermanu wingi tilpon ya takon, apa wis ana kabar seka kono?”

“ Kasinggihan Rama, sampun kula tari lare kula. Piyambakipun njih namung manut kemawon. Kula ngaturaken gunging panuwun dene Rama kaliyan mas Hermanu taksih kersa menggalih kula. Namung kula taksih gamang, mbokmenawi Rama kersa njlentrehaken. Kula gadhah tanggelan thole Slamet kangge tembe wingkingipun Rama”.

“ Iya bener kandhamu, apike dirembug sisan neng ngarep, mundhak dadi pitakonan ing tembe mburine. Wose kono tak jaluk bali rene maneh, karo anakmu mengko ben sekolahe isa tutug. Aku ora arep nancang kowe. Nek kowe pengin madeg dhewe duwe usaha ya ora apa apa. Aku njaluk kono ngewangi urusanku, ngawat awati apa nyatheti kegiatan usahaku. Kabeh wis ana sing ngurusi dhewe dhewe, para penggarap lahan lan pengelola usaha. Dudu usaha gedhe, mung cilik cilik ning ana sakwetara, pendhak sasi kumpul dha laporan”.

“ Injih Rama kula remen sanget, ananging menapa kula

saget, amargi namung lulus esempe kemawon”.

“ Ora usah kuwatir, kabeh isa disinaoni, mung gawe cathetan usaha. Sementara iki dicatheti wae nang buku, gawe pembukuan ngono. Mengko kursus komputer sedhela, ben digawekke program karo Hermanu. Ana sawah sing digarap petani, ana ternak sing di gadhuh, ana ternak sing dikelola dhewe, karo usaha perumahan nang Klaten karo Wonogiri. Werna werna. Biasane mung tak catheti nang buku tulis, dibantu Ali”.

“ Injih Rama dalem ndherek kemawon, mangke saking sekedhik”.

“ Iya nek kono arep karo usaha dhewe, terserah kono arep manggon nang Semanu kene, apa arep nang Bacira wae. Loro lorone kanggoku padha wae, isih ana enggon kanggo kowe. Ora susah kok putusi saiki. Nek perlu dirembug karo putuku Hermanu”.

“ Nek kono sela sesuk ana kumpulan wong wong sing kajibah ngurus usaha mau. Mungkin ora isa teka kabeh. Sebagian penggarap lagi labuh. Ben kono ngerti swasane lan gaweyane”.

“ Injih Rama, kula ndherek kemawon. Benjang enjang sowan mriki malih. Siang menika kedah wangsul amargi thole piyambakan”. Sumi gageyan nyuwun pamit, ning ora langsung mulih nang Pracimantoro. Mampir pasar tradisional ing sakubenge Semanu.

Ratri

Ratri wis nyambut gawe kaya adat sabene nang Jakarta. Budhal esuk jam wolu kurang sithik nang kantor bareng karo Hermanu. Mung mlaku amarga cedhak seka apartemen. Dheweke rumangsa krasan lan seneng nang apartemene Hermanu, luwih tenang tinimbang nang pondhokan. Rikala dheweke pamitan nek arep bali manggon nang kost kost ane, Hermanu malah nyandhet.

“ Mbok wis nang kene wae ta Jeng, senjata ora gedhe unite ning kan ora rame swasanane. Awake dhewe nyatane kan wis urip bareng. Wis janji bebarengan. Mung durung resmi, durung diumumkan nek statuse wis bebojoan”.

“ Iya mas, aku ya matur Rama Ibu prekara iki. Ngendikane, pasrah nang aku wae wong nyatane awake dhewe statuse wis urip bareng. Aku malah rumangsa seneng isa cedhak karo njenengan saben dina. Isa ngrangkul lan sumendhe nang bahumu saben dina”.

“ Nang kene kan ya aman dhik, ora tak ganggu babar pisan, senjata nang njero ati pepenginanku makantar kantar”.

“ Blaka suta aku sing pengin kok ganggu, fisik lan emosi, aku wis siap mas. Arep ngenteni apa maneh wong awake dhewe wis resmi padha le nancang. Wis ora kaya wingi wingi maneh”.

“ Sing sabar sedhela jeng. Ana pranatan adat lan sosial sing awake dhewe ora isa ninggal. Eyangku percaya karo awake dhewe, ning siji kuwi genah wis mesthi ora gawe renaning penggalih. Uga rama ibumu. Malah nggo mbuktekke nek awake dhewe isa njaga tenan”.



Ratri kaya kaya ora percaya. Hermanu gematine ora mekakat marang dheweke. Mesthi kalah dhisik. Nyedhiani wedang, sarapan, adus. Dheweke kegawa kebiasaan anak ragil, kepara disayang lan dimanja. Dheweke pengin ngladeni Hermanu sak kabehane, tanpa tida tida. Dheweke krasa banget nek disayang Hermanu karo Eyang Pringga, kaya dene ditresnani rama ibune dhewe. Mung ngentha entha kapan le diresmekke, ben isa ngladeni pacangane tanpa wates. Ngenteni kanthi sabar karo nglakoni urip bareng sing kebak kaendahan iki, kebak pengentha entha.

Hermanu

Hermanu kaya kaya durung sadhar owah owahaning urip sak jroning dina dina iku. Kabeh kok prosese cepet banget. Tepung Ratri, dolan nang omahe, banjur cocok lan sedhiya arep urip bareng. Kabeh kaya nang impen wae, impen sing dadi kasunyatan. Dheweke wiwit sepisan ngobrol karo Ratri nang pesawat kae, rasane wis kepencut ora karuwan. Rikala iku, kepencut ayune Ratri, dedeg piyadege Ratri. Bareng ketemu lan srawung cedhak, dheweke kepencut sak kabehane. Pengin rasane ngrangkul saben dina, ngarasi saben dina. Ora bakal ana bosene. Bakal urip bebarengan sak lawase urip. Wingi wingi urip rasane sepi banget, mung dheweke karo Eyang Pringga. Saiki uripe dadi regeng. Kabeh mlebu nang rasa lan pikirane. Mijeti karo ngarasi Ratri nek arep mapan turu, rasane kaya entuk anugrah seka swarga, seka sing gawe urip. Ora bakal ana bosen ne, tekan titi wanci ing mbesuke.

Eyang Pringga, nang tilpun saben saben mundhut pirsu kahanane Ratri, kaya kaya melu kuwatir nek ana owah owahan sing gawe gela. Hermanu karo Ratri uga wis matur

karo pak Hario lan bu Rina, wong tuwane Ratri, nek dheweke berdua karo Ratri nyuwun palilah urip bareng dadi siji nang apartemene. Sepisanan rada kaget, ning mung padha ngendika, sing ati ati. Padha njagane ya. Sore mau tilpun tilpunan karo Eyange, ngabarke nek Sumi sarujuk arep pindhah dadi siji maneh karo keluwargane Rama Pringga.

Dheweke rumangsa seneng krungu warta ngono. Anake Sumi, si Slamet iya sisan sekolah esempe. Mung durung ana putusan arep nang Bacira apa nang Semanu wae. Arep dipikir pikir dhisik karo Sumi. Jare Eyange, Sumi arep mbantu le nyatheti usaha usaha ne eyange. Lega Hermanu, krungu ngono, amarga tau diparingi weruh karo Eyange, buku buku cathetan sing nggawe Eyange karo dibantu pak Ali. Malah Eyange wis ngentha entha nek Sumi pengin nyambi usaha, isa bukak nang Bacira, apa nang Semanu. Karo kudu ngetungke sekolahe anake si Slamet, cedhak nang Bacira apa nang Semanu.

Hermanu mung isa nyukuri kabeh sing ditampa saiki. Kabeh kok kaya wis direncanakke. Ratri, Eyang Pringga, Sumi, rama ibu Hario, gawe regenge uripe sak teruse.



- BAB 13 -

*Tumuju Urip
Bebrayan*







Hermanu & Ratri Arini

Hermanu rumangsa seneng, rasane ayem lan tentrem dene wis ana Ratri sing ngisi uripe. Regeng ora dhewekan sepi kaya wingi wingi. Dheweke uga ngrasakke kaya ngapa gematine Ratri, sing kanthi tulus tansah setya ngancani dheweke. Suwe ngrasakke kaya urip dhewe nang alam donya, senajan Eyang Pringga jane ya sayang banget. Kelangan wong wong sing ditresnani, ditinggal bapak ibune, ditinggal Eyang

Larasati, lan entek entekan ditinggal mulih Sumi. Mung karo Eyang Pringga, nglakoni urip kanthi sabar. Ana rasa wedi, rasa was was nang jroning ati. Gek gek Ratri mengko ya ninggal dheweke ya. Dheweke ora bakal suwala yen nganti kelangan Ratri. Prasasat wis kaya dadi sigaraning nyawane.

Minggu sore iku langite katon padhang. Langit sore kang endah kebak warna emas nang sisih kulon. Tuntunan nggegem kenceng tangane Ratri, mlaku mlaku nang perenging gunung kang endah. Langit warna emas, gawe ati ne wong loro paribasan kaya mabur nang swarga. Dalam dalam sing diliwati kebak kembang endah manekawarna, ana melati, mawar, wora wari, kenanga, kanthil ambune wangi lembut. Ratri methiki kembang sak pinggiring dalam, ora ana mandhege. Ganda wangi semribit marahi ati saya nglambrang nang ngakasa, nembus garising langit. Ratri pancen luwih gesit lan luwih trengginas mlaku nang perenging gunung. Pantès dheweke pemain aktif olah raga, paling ora renang lan sepedhahan, saben minggu.

Ratri tanpa aba aba banjur menggok dalam cilik medhun tumuju lembah. Hermanu nyoba ngetutke, ning sangsaya suwe sangsaya ditinggal adoh. Ratri mung katon cilik tansah noleh karo ngawe awe,

“ Mas Her ayo gelis medhun rene”. Hermanu mung mbatin, entenana aja cepet cepet. Tangane nyoba ngawe awe Ratri. Ananging Ratri sangsaya adoh, sangsaya cilik, sok katon sok ilang kasaput ing kabut pegunungan wayah sore. Campur adhuk ambune, wangine kembang, suket lan tlethong sapi sing kobong. Ambune gas metana sing wangi ing wayah sore, nalika tlethong sapi padha garing lan kobong ing padesan. Dadakan Ratri katon lamat lamat merga kena sorot



srengenge wayah sore, adoh banget, cilik banget. Ngawe awe dheweke seka pinggiring luweng. Luweng alami kang tinemu akeh nang Semanu. Hermanu apal siji sijine luweng mau. Atine entek weruh Ratri kok wis nang pinggir luweng. Pengin mlayu nututi, pengin mbengok ngelikake, ning sikile kaya kaku ora isa mlayu, swarane ketahan nang dhadha ora metu. Dheweke mung isa nggremeng, tangane ndrodhog ora karuwan, awake anyep kabeh. Atine entek, dheg dhegan wedi banget. Ora ana janma sing isa disambati dijiluki tulung. Mung undang undang jenenge Ratri tanpa kendhat. Ratri... Ratri... jeng Ratri.

Jam telu esuk, jagabaya kaget setengah mati meruhi kahanane Hermanu, cekelan pager nang ngarep lawang pekarangan apartemen. Ditakoni ora wangsulan. Mung nggremeng nyebut jenenge Ratri. Kringet anyep metu nganti klambine teles kabeh. Limbung kesadharane kaya ilang ora eling. Jagabaya cepet cepet tilpun unite Hermanu ing lantai pitu. Ora diangkat, ora ana jawaban. Banjur mlayu nang lift tumuju lantai pitu. Ndhodhog unite Hermanu, karo kreggosan napase. Lawang menga ora dikunci. Banjur ndhodhog sak kuate. Ratri kaget banget dene esuk esuk ana wong ndhodhog lawang. Isih nganggo pakean tidur dheweke metu. Jagabaya mbengok

“ Bu mas Hermanu nang ngisor. Kena apa kae. Ketiwasan bu. Mangga medhun cepet”. Mlakune lift kaya suwe temen kanggone Ratri, pengin cepet cepet tekan ngisor nemoni Hermanu kekasihe.

Tekan ngisor dheweke kaget banget nyipati kahanane kekasihe. Awake anyep kabeh, tangane ngewel, karo nywara lirih ngundang dheweke. Atine entek meruhi kahanan kaya

ngono. Tanpa tida tida Hermanu dirangkul karo diundang

“ Mas Her, mas Her, ngapa nang kene?”. Krungu swarane Ratri, dadakan Hermanu tangi seka impen elek sing nggegirisi. Mung nywara liri

‘ Kono mau nang endi Jeng, tak undang undang kok meneng wae?’

‘ Mas Manu sing nglindur iki. Aku ora nang endi endi. Aku nang kamar. Rumangsamu nang endi?’

‘ Napasku entek, nututi kono ngawe awe nang pinggir luweng jeng. Nang kanane aku lagi mlaku mlaku nang pereng gunung nang Semanu kae”.

“ Wis ayoh balik munggah wae”. Jagabaya takon apa perlu diterke munggah? Ratri wangsulan nek ora perlu, mas Hermanu mung nglindur kaya biasane”. Ratri rada nutupi, dheweke durung tau nyipati sak durunge nek Hermanu nglindur nganti isa mlaku mlaku tekan ngendi endi. Tekan ndhuwur Hermanu di wenehi banyu adhem di kon ngombe ben kesadharane pulih maneh. pakeyan dicopoti, awake diandhuki, terus diganti pakeyan sing garing. Rasane mesakke banget meruhi Hermanu nganti kaya ngono. Sakwise disalini, banjur dituntun bali nang kamare. Dirangkul lan diarasi sak kemenge. Hermanu mung pasrah.

Esuke nalika sarapan wis bali pulih maneh. Ning Hermanu isih meneng wae. Dheweke crita menawa nang impene weruh Ratri ngawe awe nang pinggir luweng. Mula dheweke wedi banget. ‘ Mung impen mas, ora sah kejeron le nggalih, malah marahi impen impenen. Awan iku Ratri nyoba tilpun Dr. Mega nang Yogja, nyritakke sing dialami Hermanu

mau bengi. Dokter Mega menehi saran, mbokmenawa Hermanu nandhang rasa wedi lan was was sing abot ning ora dicritakke. Mbokmenawa wedi nek kelangan sliramu Ratri, dheweke ketok banget le tresna lan pasrah. Diawasi wae karo kerep diajak crita, lan diyakinke nek ora bakal pisah karo sliramu. Mengko nek nganti kedadeyan bola bali ya perlu konsultasi psikologis lan terapi psikiatrik. Krungu katerangan ngono, atine Ratri saya mantep, saya tresna marang Hermanu. Ora bakal tak tinggal. Tak labeti saklawase nganti mati. Ora dadi ragu maneh le kumpul bareng sak apartemen karo Hermanu, senajan durung nikah. Ora perlu mikir swarane wong liya, sing penting ora ngrugeni liyan. Diarani kumpul kebo ya ora perduli, wong sing ora bareng kumpul wae ya isih isa slinthutan metu mburi.

Rama Pringgalaya & Sumiati

Wis udakara 3 wulan iki Hermanu karo Ratri mulih nang Jakarta. Durung isa cuti maneh. Sumi sida bali ndherek Rama Pringga, mung manggone nang Bacira, ora nang Semanu. Dheweke digawekke toko nang pelataran ngarep sisih kiwa. Dodolan bahan pokok kebutuhan dinan. Mung sesasi sepisan munggah nyang Semanu, nek pas ana kumpulan pengelola usahane Rama Pringga, nek ora nek pas kumpulan Anggara Kasih. Kabeh lancar ora ana alangan sak wiji apa. Kepara wayah sore ngadhapi magrib, Rama Pringga lagi lenggahan nang pendhapa kaya adat sabene. Lagi dheleg dheleg kelingan wayahe, Hermanu karo Ratri Arini, sing wis suwe kok ora tilik mulih. Mung thenger thenger mandeng perening gunung sing endah ke sorot srengenge wayah sore. Isih kelingan jaman cilikane Hermanu, asring dimong karo Sumi, nang dalam ing perening gunung kuwi. Ah kabeh wis liwat. Hermanu wis

nang Jakarta karo pacangane. Sumi urip karo anake nang Yogja. Dadakan krasa ana wong sing ngundang dheweke.

“ Rama kok tansah ngalamun. Mboten sae lo mangke ndak pun ampiri setan ”. Sumi wis ngadeg ana ngarepe.

“ Lho kok kowe nang kene ta Sum, kapan lemu teka ?”

“ Nembe kemawon Rama, kaliyan thole Slamet menika”.

“ Aku kok mbayangke kahanan aneh. Kaya kaya kono lagi momong Hermanu nang pereng gunung kae. Banjur Hermanu kok bopong nang pucuk gunung. Tak bengoki tak kon mudhun”.

“ Dhimas Hermanu rak sampun wonten Jakarta kaliyan mbak Ratri, mboten perlu panjenengan galih sanget sanget. Piyambakipun saged njagi piyambak, sampun diwasa Rama”.

“ Bener kandhamu Sum. Ning suwe momong dheweke wiwit cilik nganti diwasa, rasane atiku isih ora isa pisah karo Hermanu. Saben dina isih ketok ketoken. Piye toko mu nang Bacira ?”

“ Pangestunipun Rama, nembe bikak kalih wulan sampun regeng menika. Isinipun saya kula kompliti, kabetahan bahan pokok”.

“ Ya sokur nek lancar, melu seneng aku. Nek kok tinggal rene terus sing nunggu sapa ?”

“ Kula titipaken mas Dhon. Piyambakipun njih remen

kula titipi”.

“ Ya sokur lah, Sardhon ki nek ora dielingke, ming sok penthentang pethenteng wae. Rumangsane gagah dhewe kaya bintang film India”.

Rama Pringga rumangsa seneng nyawang Sumi, kaya biasane nganggo kebaya, luwes tenan. Isih katon ayune kanggone umur patang puluhan luwih sithik. Ana sing sok sembranan kok Sumiati ora dipundhut wae. Swarane wong isa werna werna. Ning Sumi wis dianggep keluwarga dhewe, babar pisan ora ana pikiran maneka warna. Wis sumpah ora bakal omah omah maneh. Anake Sumi, si Slamet sekolah nang Bacira, nang SMP Budy Wacana. Rama Pringga rumangsa lega dene saiki ana sing mbantu le ngawasi usaha usaha ne. Senajan ya mung cilik, ning butuh pengawasan. Sing rada deres mlebu metune dhuwit usaha peternakan ayam nang cedhak Cangkringan, karo perumahan nang Klaten karo Wonogiri. Laporanane mlebu saben minggu, diewangi Sumi le nyatheti.

“ Anakmu Slamet, ben sekolah nganti rampung, mengko aku sing nanggung. Ben entuk gaweyan mapan ing tembe mburine. Penghasilan lemu usaha kok kumpulke ta Sum, terserah arep kok nggo apa. Kono isih enom, isih ayu, mesthi akeh pria sing pengin ngancani. Ning kudu duwe celengan, ndak ora kajen mung dinggo dolanan wong”.

“ Injih matur nuwun sanget Rama. Kula sampun trimah menawi saged nyekolahaken thole kemawon. Mboten badhe mikir sanes sanes”.

“ Iya ora apa apa. Kowe isih enom, aja diputuske saiki. Mung kudu siap nek mbokmenawa ana ganti garising urip.

Kowe duwe hak mutuske nggo tembe mburimu, aja manut karepe wong liya, mundhak gela”.

“ Kula sampun trimah lan remen ndherek panjenengan lan ngreksa panjenengan ing wanci yuswa sepuh makaten”.

“ Wektuku ora akeh ndhuk. Aku wis siap kapan wae tinimbangan Gusti. Mung kudu rampung le momong putuku Hermanu. Muga muga lik isa dirembug kapan le nikah. Mengko tak tilpune, ben Ratri wiwit matur bapak ibune”.

Rama Pringga uga ngladeni para kadang kelompok spiritual sing nemoni dheweke sak perlu konsultasi. Ana wae alasane. Sing rada kerep, ya wong wong sing lagi stress nandhang susah sing abot. Akeh sing sambat sok kaya diweruhi sunar cemplorot seka pucuking gunung marani dheweke. Sering diarani pulung gantung. Kapitayane wong akeh ing ndesa desa nek diweruhi pulung gantung jare dipethuk sing gawe urip, wis tekan titimancine. Nek ana wong bunuh dhiri, biasane sak durunge korban asring sambat jare diweruhi sorot warna emas seka pucuk gunung. Embuh tenane, durung tantu bener. Kepercayaan senajan ora kabukten ning nyebar subur nang tengahing masyarakat. Masalaha jane stress, depresi, kesepian sing ora sempat ditangani banjur sebagian dadi bunuh dhiri. Saben tahun ana kira kira 30 kasus bunuh dhiri nang Gunung Kidul, akehe nek pas musim kering. Kepikiran pengin ngedegke Yayasan ning kegiatane nyebarake penyuluhan kesehatan jiwa nang pendhudhuk desa. Ben ora keseret kapitayan keliru sing campur mistik, kaya pulung gantung iku. Pengin ninggalake barang sing ana paedahe nggo wong akeh. Rama Pringga masuke pengagum Ki Ageng Suryomentaram kang nyebarke Kawruh Jiwa ing tahun 50an seka desa Kroya, Beringin ing tlatah Salatiga.



Bapak Hario lan ibu Rina Hario & Rama Pringgalaya

Bu Rina mentas wae nampa kabar seka putrine, Ratri, nyritakke kedadeyan sing dialami dening Hermanu. Manut ahline jare stress merga wedi kelangan wong sing ditresnani. Mula Ratri malah banjur sangsaya mantep le ndhampingi Hermanu. Wis emoh pisah maneh. Kanggone bu Rina, kuwi ora ndadekna masalah. Ning apike antarane Ratri karo Hermanu, ben nuli resmi wae le bebrayan. Ben ora ana beban. Senajan urip nang apartemen mesthi ana wae swara sing miring merga durung resmi bebojoan.

“Kangmas nek awake dhewe ganti dolan nang Eyang Pringgalaya piye ya? Wis telung sasi iki putrimu Ratri karo pacangane Hermanu kok durung mulih. Ora susah ngenteni.”

“Apike ya ngono, soale awake dhewe ya durung tau sowan rana. Aku tau janji nek arep dolan nang Semanu”.

“Njih kangmas, ben enggal rampung. Wis tukar cincin, langsung nikah sisan. Ben ora dadi pikiran, wong bocahe sakloron wis padha mantepe”.

Pak Rio awan iku tilpun Rama Pringga, wose sesuk awan arep sowan nang pesanggrahan.

“Njih dhimas, tak antu antu rawuhmu sekaliyan. Aku ya tak omong karo Hermanu karo Ratri, nek mbokmenawa ana prekara wigati sing bocah sakloron kudu ngerti”. Rama Pringgalaya sakwise entuk tilpun seka pak Hario, banjur kepikiran nek arek nilpun wayahe, Hermanu. Arep ditanting sepisan maneh, piye nek enggal diresmekke wae le bebojoan karo Ratri Arini. Ora ana maneh sing dienteni, wong loro lorone wis mantep, wong tuwane Ratri wis setuju, lan Rama

Pringga dhewe ya seneng nyipati solahé Ratri sing gemati karo Hermanu.

“ Her, kabarmu piye ngger. Pirang pirang dina kok ora ana kabare ? Ratri barang rak ya apik apik wae ta?”

“ Kabeh apik apik wae Yang, ya mung sibuk ngono wae. Ratri kerep turne nang dhaerah merga akeh proyek anyar iki”.

“ Iki ngene Her, sesuk awan bapak ibune Ratri arep dolan nang pesanggrahan. Karepku ki arep tak jajagi sisan kapan le isa ngresmekke nikahmu karo Ratri kuwi”.

“ Dalem ndherek wae Yang, ya mengko tanggale sing cocok isa dirembug. Ning aku ora seneng pesta gedhen. Sing penting sedulur karo kanca cedhak isa kumpul wis cukup. Ora repot urusane”.

“ Iya mengko tak rembuge karo pak Hario lan bu Rina. Sing ati ati ya le. Aja lali sok donga ben atine tentrem lan ayem”.

Sesuke jam papat sore, pak Hario karo ibu Rina dadi rawuh nang pesanggrahan ing Semanu. Didherekke karo putrane Rahadian sak anak bojone, Sita karo putrane Seta. Rama Pringga le nemoni nang pendhapa kaya adat saben. Pemandhangan endah ing pereng gunung dibarengi angin sore semilir lembut. Mbak Tini wis nyiapke unjukan teh karo gedhang goreng lan gathot kondhang Wonosari. Weruh Seta wayahe pak Hario, Rama Pringga rada nggregel. Kelingan jaman semana, Hermanu iya isih sak umuran Seta nalika ditinggal bapak ibune, Rio lan Siska almarhum merga kacilakan lalu lintas.



“ Asmane bocah bagus iki sapa ya ? Rama Pringga nyoba guyon karo Seta. Bocah cilik iku ora duwe rasa wedi apa clingus.

“ Nami kula Seta, Yang”. Terus ngecungke tangane salim karo Eyang Pringgalaya.

“ Suwe tak antu antu rawuhmu, dhimas Hario karo rayi Rina. Ndilalah aku kok ya lagi rada ana kerepotan sithik, urusan thethek bengek. Ning sakperangan wis tak pasrahke Sumiati”.

“ Sumiati sinten Kangmas ?” Pak Hario karo bu Hario saur manuk le takon.

“ Sumi ki sing momong Hermanu rikala isih cilik, sak bubare ditinggal bapak ibune. Banjur pamit mulih ngurusi wong tuwane jaman semana. Iki kok ngetok mulih maneh. Wis ketemu karo Hermanu lan Ratri barang. Wis tak anggep keluwarga dhewe”.

“ Ndherek wonten mriki Kangmas?. Bu Rina takon rada nlesih.

“ Ora nang kene. Dheweke karo anake nang omah Bacira. Anake lanang kelas siji esempe. Mung kala kala mara mrene nek pas urusan usaha, sewulan sepisan”. Rama Pringga banjur nimbali mbak Tini, didhawuhi ngundang Sumi. Sumiati ana kamar nang mburi menawa lagi teka nang Semanu.

“ Kahanan ing pesanggrahan mriki asri sanget Kangmas. Kados pun kemuli emas menawi sonten mekaten”.

“ Iya dhimas, aku kaya ketagihan pendhak sore nang

ngarepan kene mandeng pereng gunung karo langit kae”. Sumiati sing ditimbali wis katon. Nganggo kebayak warna ijo pupus. Luwes banget. Isih katon ayu senjata tanpa make up.

“ Wonten dhawuh Rama nimbali kula “.

“ Iya ndhuk, iki rama ibune Ratri, pak Hario lan ibu Rina. Kae kangmase Ratri mas Rahadian karo garwane mbak Sita lan putrane sing lucu kuwi Seta”.

“ Ndherek nepangaken, kawula Sumiati, ndherek Rama namung wonten dalem Yogja. Menika nembe sowan mriki”.

“ Dhimas Hario karo rayi Rina, nuwun sewu aku ngajak Sumi nang kene, ben melu nyekseni awake dhewe le rembugan. Soale arep rembugan gandheng rentenge karo Hermanu lan Ratri. Mangga karo diunjuk lan dirahabi jajanane”.

“ Injih mboten menapa kangmas, dalem sakloron namung ndherek menapa dhawuhipun Kangmas kemawon. Ndilalah Ratri njih sampun kintun pesen kaliyan ibukipun kala wau”. Bu Hario isih kamitenggengen le mandeng nang Sumiati. Senajan wanita seka ndesa, ning ayune asli tanpa kasapat make up babar blas.

“ Wose ngene dhimas Hario karo rayi Rina. Nek penjenengan sarujuk, aku pengin antarane Hermanu karo Ratri, sisan diresmekke le urip bebrayan. Ben ora ana beban, wong wis padha mantepe. Hermanu bola bali tak takoni, wis ora isa nek pisah karo Ratri. Awake dhewe perlu golek dina sing cocok kanggo pihak calon penganten putra lan putri”.

“ Kula kaliyan ibunipun Ratri sarujuk sanget kangmas, saya cepet saya sae kangge kita sedaya”.

“Kapan enake dinane sing cocok ?”.Bu Rina semaur kanthi alon.

“ Menawi saged antawis Sabtu Pahing utawi Minggu Pon wulan ngajeng Kangmas”.

“ Iya aku sarujuk banget. Dina dina apik, nggawa rejeki lan katentreman kanggone sing nglakoni rayi. Apike Ratri karo Hermanu di tari dhisik ya. Sumi, tulung sambungna nomere Ratri apa Hermanu. Ben bu Rina ngendika dhisik karo Ratri”. Bu Rina banjur ngendikan sedhela karo Ratri liwat tilpun. Ora suwe wis padha sarujuk kabeh.

“ Sampun kangmas, lare kekalih sampun sarujuk, ndherek kaliyan kita”.

“ Aku duwe panyuwun kang pungkasan. Acara pernikahan digawe sederhana wae nanging sing khidmat. Upamane nganggo syukuran ya sing ditimbali sedulur sedulur wae karo kanca2 cedhak, uga kanca kancane Ratri karo Hermanu. Nek arep pesta gedhen mengko gampang ben di urusi bocah loro, Hermanu karo Ratri. Nek pernikahan pesta gedhen saiki sing mesakke sing ngurusi, mas Rahadian karo mbak Sita”.

“ Njih dalem sarujuk kemawon. Mangke wonten gubug kula kemawon. Mbokmenawi cekap kagge nampi tamu ngantos kalih atusan”.

“ Iya aku samanut wae. Aku tahu jagong adoh adoh ana brayat resepsi gedhen. Kabeh wis disiapke apik, tamune

akeh ning kok ana sing kurang tata. Wong sing duwe gawe ki dudu mereka, kok ana rombongan tamu jigar ora ngelingi tata tertib. Panggung musik dikuasani kaya dene pestane rombongan mau, pating brengok padha gojeg. Aku trima mulih dhisik”.

“ Kula sarujuk sanget kangmas. Ratri kaliyan Hermanu sajakipun njih remen acara sedherhana kemawon”. Sore iku wis disepakati kabeh rencana pernikahan wulan ngarep. Sore kang endah lan adhem ing pesanggrahan Semanu. Mung kari nyiapke samubarange sing diperlokke. Ora perlu gawe panitya gedhen. Bu Rina, pak Hario, mas Rahadian karo mbak Sita sing nyiapake.



- BAB 14 -

*Setya Tuhu
Sak Lawase*







Rencana acara manten antarane Hermanu karo Ratri wis mateng dirembug dening keluarga Hario Puspyuda. Pak Hario lan bu Rina piyambak, dibantu putrane lan mantune, mas Rahadian lan mbak Sita mandegani le kagungan gawe. Pancen sengaja digawe gampang lan sederhana senajan ta isih melu tatacara adat Jawa. Ratri seneng banget mangerteni rencana acara sing wis disiapke, dheweke matur nuwun banget karo bapak ibune, dalah kangmase Rahadian karo ipene mbak Sita. Rumangsa wiwit cilik tansah digemateni karo bapak ibune lan kangmase. Kenthel banget sesambung batin nang kuluwarga, anget tur rukun.

Senajan Ratri wis megawe nang kutha gedhe Jakarta,

prasasat sesambungan rasa lan ikatan keluarga babarpisan ora tau luntur. Sesambungan sarta dhukungan keluarga mau sing marahi dheweke mantep ngadhapi samubarang alangan, embuh nang gaweyan embuh nang urip pribadhine. Ratri uga pengin banget dheweke karo Hermanu bisa padha padha awesh dhukungan lan ngemong ing tembe mburine, setya tuhu sak lawase. Dheweke kirim pesen liwat WA marang bapak ibune, lan kangmase saha ipene.

“ Rama, ibu dalah kangmas Rahadian lan mbak Sita. Dalem sakloron karo mas Hermanu ngaturake banget panuwun dene panjenengan kabeh wis keraya raya nyiapke acara pernikahan dalem karo mas Hermanu. Wiwit cilik dalem rumangsa disayang lan digemateni banget karo Rama Ibu lan kangmas Rahadian, ning durung isa mbales apa apa. Matur nuwun tanpa upama uga kagem mbak Sita, mesthi repot le ngurusi, aku isa mbayangke. Muga muga Gusti paring pangestu, kabeh mlaku kanthi lancar. Nyuwun pangestu muga muga aku karo mas Hermanu isa nglakoni kabeh acara kanthi lancar. Sungkem lan sayang seka Ratri karo mas Hermanu”.

Mbak Sita karo mas Rahadian sing nyebarke undhangan. Mung kanggo sedulur karo kanca cedhak wae, ya kancane Hermanu lan kancane Ratri, sing padha manggon nang tlatah Yogyakarta. Acara ngantenan umume ya kesempatan nggo ketemu sedulur lan kanca sing suwe ora tau ketemu. Ning karepe calon penganten sakloron karo sing kagungan gawe , pengine sederhana. Pengin sing khidmat, sing ora rowa, ben klakon kanthi tentrem, ninggal pangling eling sak lawase kanggo wong loro.



Dina Jumat sore, Ratri karo Hermanu wis budhal mulih menyang Yogya, numpak pesawat Garuda. Dipethuk nang bandara dening pak Ali karo mbak Sumi. Mampir nang Bacira sedhela terus budhal munggah, ngeterke Ratri nang Wonosari dhisik. Atine Hermanu krasa was was wengi iku merga bakal pisah karo Ratri, senajan mung rong wengi, soale wis biasa dadi siji sak apartemen nang Jakarta. Anane mung ana rasa aman, tentrem lan ayem yen nang sandhinge Ratri. Dongane muga muga enggal kaleksanan upacara nikah sing wis diantu antu. Dheweke rumangsa ora isa urip dhewekan tanpa Ratri, sing terus menahi dhukungan moral sing sisihe. Ora urip dhewe kaya wingi wingi sing sepi lan komplang. Mbak Sumi ora lali ngandhani, ' Dhimas Hermanu ing tatag wae, ora susah dipikir abot, ngeli wae manut acarane'. Bubar maem bengi Hermanu ditimbali karo Eyange. Diparingi wejangan ringkes. Jane wis kerep diparingi wejangan kaya biasane, ning sepisan iki mligi tumrap jejjabahane wong lanang nang garwa lan keluargane. Kudu isa le padha ngemong, aja nggugu karepe dhewe. Bakal mlaku urip bareng sak lawase, aja menang menangan mburu senenge dhewe. Nang sejarah lan budaya Jawa klasik, priyayi putri ora mung ngladeni apa karepe garwane, ning melu nemtokke arah lakune wong loro. Aja manut penganggep sing salah kaprah, kaya dene swarga nunut neraka katut. Kudu di lakoni wong loro, bareng sak lawase, senajan beda gaweyane. Prekara keluwarga lan paseduluran, kabeh dirembug bareng aja ana sing ngereh lan aja ana sing direh. Eyang Pringga pancen sok kagungan pamanggih kritis marang apa wae sing diarani manut adat. Adat sing endi ? Akeh adat istiadat Jawa klasik sing wis owah tanpa disadhari diganti adat seka njaba.

Tekan titi wanci, dina Minggu Pon, esuk esuk Hermanu wis diterke dening pak Ali, karo Sumiati budhal menyang panggonane Ratri ing Wonosari. Acara diwiwiti jam sepuluh. Ning kudu siap siap dandan wiwit esuk. Ana sing wis kapasrahan ngurus ageman lan ndandani penganten sak kloron. Daleme pak Hario wis ditata asri wiwit wingine. Tratatg dalah uba rampe wis ditata asri, uga ubarampe hiasan seka janur, kembar mayang lan sak panuggalane. Udakara jam sepuluh, para tamu wis padha rawuh lengkap, acara akad nikah diwiwiti.

Calon penganten ngagem seragam Jawa, gaya Solo. Calon penganten sakloron ngagem ageman setelan sing wis disiapke warna ijo pupus. Eyang Pringga ora ngrawuhi acara akad nikah, jare manut kapitayan Jawa, calon penganten putra kudu wani nglakoni dhewe, wis siap ngadeg dhewe, mandiri lan tanggung jawab ngukup keluwarga. Lakune acara lancar mung Hermanu katon bingung acara arep kawiwitan. Ning mbak Sum wis kulina karo adat momongane, digablok seka mburi, karo dibisiki ora susah bingung, tatag wae le nglakoni. Bubar akad nikahan sing mlaku kanthi lancar, penganten sakloron leren sedhela, ganti ageman. Arep diteruske karo temon, tatacara adat Jawa.

Rama Pringga wis dipapag nalika acara temon. Mung mirsani wae, wis ora isa melu nang acara. Penganten sakloron ngagem ageman warna putih. Katon anggun lan mibawani. Dhasar loro lorone, bagus lan ayu. Pasangan kang elok lan cocok, kadi dene kakang adhi. Penganten sakloron padha balang balangan suruh, terus salaman. Hermanu rasane mantep banget nggegeng tangane sisihane sing ditresnani. Ora ana acara ngidak endog, lan penganten putri ngumbah sikile



penganten kakung. Iki sing usul Eyang Pringga dhewe, jamane wis beda, wong lanang karo wadon padha kalungguhane. Penganten sakloron banjur sungkem marang Bapak Hario lan bu Rina, uga sungkem karo Eyang Pringgalaya. Eyang Pringgalaya mung muwun rikala disungkemi penganten sakloron. Dhawuhe ringkes,

“Sing setya tuhu saklawase ya ngger Hermanu karo Ratri. Mendah senenge eyang putri nek isa nyipati ya”.

Acara mlaku kanthi lancar, diteruske dedhaharan andrawina. Penganten sakloron ganti ageman maneh. Isih ageman Jawa, Hermanu nganggo jas bukak warna kuning gaya Solo, dene Ratri nganggo kebaya warna kuning uga. Anggun, merak ati. Dibayangke kaya dene Rama lan Shinta ing crita legenda sing umure wis ewonan tahun. Penganten loro karo rama ibune nampa ucapan selamat seka para tamu, dhahar bareng ana pesta kebun sing apik. Hermanu seneng banget dene sedulur sedulur seka bapak ibune almarhum iya padha rawuh seka Solo. Rupane kok lamat lamat ana sing kaya bapak lan ibune almarhum. Ngrangkul siji sisji. Rasa trenyuh campur seneng dadi siji. Jam siji awan acara wis rampung. Para tamu undhangan wis sowang sowang kondur. Eyang Pringga uga wis kondur, pas pamitan mung ngendika, sing ati ati ya Hermanu karo Ratri. Kayane Rama Pringga wis katon lega penggalihe kabeh wis mlaku lancar. Ngaturke panuwun karo bapak ibune Ratri, dene kabeh wis kelakon kanthi lancar.

Dalem wis sepi, kari para pawongan sing kajibah resik resik isih padha nata kursi lan beres beres. Hermanu karo sisihane ngaturke panuwun sepisan maneh karo bapak ibune, karo kangmas Rahadian lan mbak Sita.

“ Wis istirahat dhisik wae, kono karo Hermanu kan mesthi kurang turu mau bengi”, dhawuhe bu Rina”.

Pancen bener Hermanu kethap kethip dhewe nganti bengi. Ratri uga nganti liwat tengah wengi merga ana acara midodareni.

Alon alon wong loro ngekesi tempat tidur sing dihias manekawarna iku. Malah kikuk mapan nang tempat tidhur kebak hiasan. Ambune kembang mlathi, kenanga, karo kanthil lembut ngebaki kamar. Hermanu atine madeg mangu. Rasane ora tegel arep natoni sisihane sing banget ditresnani. Dheweke sambat karo sisihane

“ Jeng rasane kok ora tegel arep natoni njenengan”.

“ Ora papa mas, ora usah ragu ragu, aku wis siap. Ora perlu kesusu “

Wong loro banjur larut nang donyane asmara bareng kanthi nyenyet, tanpa swara, mung swara ambegan alus, ora kreggosan, ora polah gedabikan. Wong loro nglakoni bareng kanthi lembut lan sabar, Ratri nuntun lakune Hermanu.

“ Mas aja nganti pisah, aku tetep tresna lan tuhu sak lawase”. Wong loro ngleyang mabur nang ngawang awang bareng karo nywara lirih. Swarane janma menungsa nalika sepisanan metu seka garbane ibu. Wong loro janji setya tuhu sak lawase nganti mati, Hermanu lan Ratri Arini.

Wong loro tangi nganti sore, wis meh jam lima. Ratri ngelingke Hermanu, dheweke kangen sore sore ngene nang pendhapa pesanggrahan ndeleng sorot srengenge wayah sore ngemuli perenging gunung. Kaya di tatani kembang ing wayah



sore. Sesuk awake dhewe sowan Eyang, ujure Hermanu. Aku wis didhawuhi akeh akeh wingi, mungkin Eyang uga pengin pangandikan karo sliramu

Sesuke sore, Hermanu pesen karo pak Ali, dikon methuk nang Wonosari, pengin nemoni Eyang Pringga. Jam setengah lima sore wis nang pesanggrahan. Eyang Pringga kaya adat sabene, lagi lenggah nang pendhapa, ngunjuk teh karo ngalamun. Seneng banget pirsane penganten loro wis nang kono. Kayane tugase wis rampung, Hermanu wis ben didhampingi Ratri sak teruse.

“ Aku wingi wis omong akeh akeh karo kangmasmu Hermanu. Saiki kari karo kono. Aku mung titip kangmasmu Hermanu ya, kancanana sak lawase. Dheweke aja nganti kok tinggal dhewekan. Aku wis rampung lehku ngancani dheweke. Hermanu karo Ratri dirangkul, karo muwun.

“ Setya tuhu sak lawase, Hermanu karo Ratri. Aku kari nggenteni wektuku ketemu karo Eyangmu lan bapak ibumu”.

“ Matur nuwun Eyang, wis ngancani dalem. Tanpa ana Eyang dalem ora isa mbayangke uripku kaya ngapa. Ora bakal pisah karo Ratri, setya tuhu sak lawase”.

Ngayogyakarta, Januari 2021

Profil Penulis



Ki Dr. Budiono Santoso Setradjaja PhD, SpFK., ahli farmakologi klinik, lulus dokter seka Fakultas Kedokteran Universitas Gadjah Mada tahun 1975 lan lulus doktor [PhD] seka University New Castle Upon Tyne, Inggris tahun 1983. Lahir ing Ambarawa, 27 Mei 1950, bapake asma Ki Triworo Djososastro, guru Taman Siswa, lan ibune Nyi Purliyah. Pendidikan dhasar dilakoni ana Sekolah Rakyat Masehi Ngampi, Ambarawa. Sekolah Menengah Pertama ana ing Taman Siswa Ambarawa. Sekolah Menengah Atas ana ing SMA Santo Josef, Surakarta. Sakwise lulus dokter, terus ngayahi dadi dosen nang Universitas Gadjah Mada seka tahun 1975 nganti tahun 2000. Tahun 2000 - 2012, kajibah tugas ana World Health Organization, kantor Pasifik Barat ing Manila, minangka Team Leader ing Pharmaceuticals and Health Technology. Aktif nang babagan kebudayaan, Ketua Masyarakat Pecinta Warisan Medang [Medang Heritage Society] ing Ngayogyakarta, wiwit 2013 nganti seprene. Tulisan tulisane semebar ing media sosial. Melu ngedegake organisasi spiritual Jawa, Persatuan Kepercayaan dan Budaya Pengetahuan Yogyakarta [AIPYo]. Garwane Murliana Santoso, putrane ana telu [Ario Birowo, Wisnu Utomo lan Saworo Tino Triatmo]. Saworo Tino Triatmo tinggal donya tahun 1997, isih umur 17 tahun merga kacilakan lalu lintas. Keluarga banjur ngedegke Yayasan Saworo Tino Triatmo [YASATRI] kanggo pengeling eling almarhum, kanthi kegiatan kampanye keselamatan lalu lintas, kesehatan remaja lan nyegah dredhah [kekerasan] ing donyane kaum mudha. Ki BS Setradjaja wis pension lan manggon dalem ing nang pinggir Kali Boyong, ing dhukuh Ngenthak, Kadipura, Ngaglik, Sleman.

 **SCOPINDO**
MEDIA PUSTAKA

(031) 82521916
www.scopindo.com
cs@scopindo.com
Jl. Ketintang Baru 15 No.25 Surabaya

ISBN 978-623-6922-27-9

